# AFM Hymns

191 hymns · numbers 1–191

*nziyo.com*

1.MUTSVENE, Mutsvene, Mwari wesimba!
Mangwana mangwana toimba kwauri;
Mutsvene, Mutsvene, wetsitsi namasimba!
Mwari wengoni, Mwari Mutsvene!

2. Mutsvene, Mutsvene! Vanokurumbidza
Vanhu vako vose kunewe kudenga;
Nengirozi dzose pachigaro chako
Dzinopfugama mberi kwauri.

3.Mutsvene, Mutsvene! vanhu verima,
Vanhu vakaipa havakuone;
Uri oga M’tsvene hapasisina mumwe,
Una masimba nezvirokwazvo.

4.Mutsvene, Mutsvene! Mwari wesimba!
Anokurumbidza mabasa ako ose.
Mutsvene, Mutsvene, wetsitsi nemasimba!
Mwari wengoni, Mwari Mutsvene!

1.KUDZAI Mambo, ano utsvene;
Ari kudenga ana masimba;
Ndiye nhowo yedu yakarekare;
Chigaro chake chakakurumbidzwa.

2.Imbai masimba nengoni dzake,
Ari kudenga nenguwo chena;
Hasha dzake dzose dzinotinhira,
Anofamba zvake pachamupupuri.

3.Ana masimba, wakaisika
Nyika nezvinhu zvose zvirimo,
Wakaitsigira nomurairo,
Wakaikombera nemvura yose.

4.Kufudza kwako kusingarehwe;
Kuri pamhepo napakupenya,
Kuri pamakomo napamakan’a,
Kuri pane mvura napane dova.

5.Isu vaduku hatina simba,
Tinotarira chete kwauri;
Tsitsi dzako dzese dzisingaperi,
Hama yakanaka nomununuri.

6.Una masimba norudo rwose:
Dzinokuimbira hondo dzose kudenga
Nesuwo venyika tinokuimbira,
Tino kurumbidza kusingaperi.

1.IMI mose muri pasi,
Imbai kuna Jehovha:
Kurumbidzai mumutende;
Uyai norufaro kwaari.

2.Tinoziva kuti J’ovha
Ndiye Mwari wechokwadi;
Tiri bara rehwai dzake
Anotipa kudya kwedu.

3.Pindai suwo guru rake;
Muswedere kuna Mambo;
Tsimutsai mazvi enyu,
Makafanira kudaro.

4.Ndiye Mwari wakanaka,
Tsitsi dzake dzakakomba;
Rudo nechokwadi chake
Hachingatipinde isu.

1.MWARI muri zuva redu,
Rinopenya pauzuru;
Asi mweya ungaone
Paunozofamba napo.

2. Mwari, muri nhovo yedu,
Hatidzityi hondo dzedu;
Dzose dzinokundwa nemi,
Tigouya nokufara.

3.Munotipa ngoni dzenyu,
Munotipa noutswene;
Munopa vanonamata,
Munopa makomborero.

4.Makomborero makuru,
Makomborero ewedenga,
Aripo avanofunga
Kuti vanodiswa nemi.

1.NGATIMUKUDZE Mwari
Nemwoyo inofara,
Tsitsi dzake ihuru
Dzinoitirwa isu

2.Anorayira zuva
Rivhenekere nyika:
Tsitsi dzake ihuru
Dzinoitirwa isu.

3.Zvinhu zvose zvipenyu
Zvinoponiswa naye:
Tsitsi dzake ihuru
Dzinoitirwa isu.

4.Anotikwanisawo,
Anoda kukumbirwa:
Tsitsi dzake ihuru
Dzinoitirwa isu.

5.Kana tiri panhamu
Tinochengetwa isu:
Tsitsi dzake ihuru
Dzinoitirwa isu.

6Mwana wake wakafa
Kuti tipinde denga:
Tsitsi dzake ihuru
Dzinoitirwa isu.

7Ngatimukudze Mwari
Nemoyo inofara;
Tsitsi dzake dziripo
Dzisingaperi idzo

1.MUKUDZEI iye Mwari
Navari kudenga;
Mukudzei iye Mwari,
Navari kudenga.

2.Imi muri nhume dzake,
Mukudzeyi iye;
Nemi muri hondo dzake,
Mukudzeyi iye.

3.Iwe zuva, newe mwedzi,
Mukudzei iye;
Nemiwo imi nyenyedzi
Mukudzei iye.

4.Iwe moto newe chando,
Mukudzei iye;
Iwe chando, newe bute,
Mukudzei iye.

5.Nemhepo inovhuvhuta,
Chimukudza iye;
Newe ita izwi rake,
Paunozonzwika.

6.Imi vuri vashe mese,
Mukudzei iye;
Nemi imi vanhu mese,
Mukudzei iye.

7.Imi vese vakomana,
Mukudzei iye;
Nemi imi vasikana,
Mukudzei iye.

8.Nemi vanhu vachembera,
Mukudzei iye;
Nemi imi mhuri yose,
Mukudzei iye.

1.JEHOVHA una masimba,
Zvose zvakasikwa nemwi,
Muri ishe wavo vose,
Ivo vari pakudenga.

2.Jehovha muno ruzivo
Munoziva zvose zvinhu;
Isu vanhu hatizivi,
Isu tose hatigoni.

3.Jehovha wakarurama.
Naiyo mirau yake,
Isu nyamba tapfuura
Tine mhosva mberi kwake.

4.Jehovha muri Mutswene,
Takaipa mberi kwenyu;
Isu ngatimukumbire
Rwose ruregero rwake.

5.Jehovha munadzo ngoni,
Wotibata nadzo tose,
Wakauya Mwana ,wenyu
Kuponesa vanhu vose.

1.WAKASIKA zvose zvinhu,
Iwe, Mwari wega,
Pasina wakayamura,
Kuzviita kwako.

2.Aya makomo amire,
Akasikwa newe;
Akamira akasimba,
Nokutsigwa newe.

3.Nayo mvura yatinonwa,
Takapiwa newe;
Naiko kudya kwatinodya,
Takapiwa newe.

4.Wakasika munhu iwe,
Nokufana newe;
Ukavapa zvinhu zvose,
Zvikavakodzera.

5.Kwasvika muvengi wavo,
Akavabvutira;
Vakusiya iwe Mwari;
Vakanzwa izwi rake.

6.Wakati kuvaponisa,
Ukaita tsitsi;
Ukavapa Mwana wako,
Achizovafira.

1.NDINOSHAMISWA kwazvo
Namabasa makuru
Akaitiwa newe
Ose anorumbidza;
Ukuru hwenyu Mwari
Hunoshamisa kwazvo.

2.Kana ndarangarira
Mabasa okudenga;
Kana ndarangarira
Mabasa apanyika;
Inobuda misodzi
Kana ndafunga iwe.

3.Mwari vatatu mumwe
Itai kuti tikude,
Nokuti wakatida,
Wakazotipa Jesu,
Watipa mweya wako,
Wokutipupurira.

4.Rumbidza iwe denga!
Rumbidza iwe nyika!
Rumbidza iwe gungwa!
Nesu ngatirumbidze!
Uyu musiki wedu,
Ane rudo rukuru.

1.ZADZISA chirewo chako,
Mwari, Ishe wechokwadi;
Ose marudzi enyika
Ngaawane ruponiso.

2.Namabvi kune’i nyika,
Ngaapfugame panewe;
Dzidzamare dzose ndimi
Dzireve ukuru kwako.

3.Tonga, tonga, Ishe Jesu!
Kuuye newe kufara,
Nezvikanganiso zvedu
Tatadzisa yose nyika.

4.Tarira nyika yokwedu,
Urege kuipa kwayo
Urege kutsamwa kwako
Isingafe mhuri yavo.

5.Ramba Ishe tisazvidze
Zvidzidziso zvezwi rako;
Ugozotimutsirira
Tinzwe nechokwadi chako.

1.BABA une simba rose,
Ndiyamure iwe;
Kana wandisiya Iwe
Ini ndoendepiko?

korus
Ndinotenda, ndinotenda, Jesu wandifira,
Ndichaponeswa neropa rake rakakomba.

2.Wakamutuma Munyai,
Kureva kwatiri;
Wakatipa Muponisi
Kutifira isu.

3.O Jesu wakashongedzwa,
Une ngoni huru;
Nokuti wakaroverwa
Pam’chinjikwa uyu

4. Ndinodzokera kwauri,
Une tsitsi iwe;
Zvino ndigam’chire ini
Usipo ndingafe

1.UYAI , VaKristu,
Nokufara nokukunda;
Uyai, uyai KuBheterehema;
Uyai muone
Ishe wengirosi;
Uyai ngatimutende Kristu Ishe.

2.Mwari wa Mwari
Kuchena kokuchena;
Wazvarwa mukomana waMaria;
Mwari chokwadi:
Mwari pakutanga;
Uyai, ngatimutende, Kristu Ishe

3.Ombai, ngirosi,
Ombai nokufara,
Ombai, vanhu vose kudenga,
Tendai kuna Mwari,
Mwari wokudenga:
Uyai, ngatimutende, Kristu Ishe.

4.Tinomukwazisa,
Wazvarwa iri zuva;
Ngakupiwe Kristu kutenda;
Izwi raBaba,
Zvino wakauya;
Uyai, ngatimutende, Kristu Ishe.

1.FARAI vatendi mangwanana ano,
Muponisi wevanhu wazvarwa;
Chikudzai rudo rwakakomba:
Shoko radzakauya naro
Kuti Mwari waponwa nenyama.

2. Vafudzi vakambotaurirwa,
Vakanzwa izwi rengirozi huru,
Ndina mashoko akakomba
Kuna vanhu vose pane nyika;
Dama raMwari rakazadzika,
Jesu waponwa ndiye M'ponisi.

3.Ikadaro Ngirozi, pakarepo
Dzakaimbirana rwiyo rutsva;
Dzakakudza rudo rwaMwari,
Denga rakatinhira nokuimba.
Tsitsi dzasvika pano panyika.

4. Vafudzi vakambomhanya kwazvo,
Kundoona zvavakaitirwa;
Vakadzokera kuhwai dzavo,
Vachiri kukurumbidza Mwari,
Vakaparidza zvavakaona,
Vanyai vokutanga vaMwari.

5.Ngatirangarire tichifunga
Urwo rudo rukuru rwaMwari;
Titarise Mwana Mutsvene,
Achienda kuno muchinjikwa;
Nengoni dzake timutevere
Tidarike tisvike kudenga.

6. Kuti tisangane nengirose
Taponiswa tichifara kwazvo;
Ndiye waponwa nezuro kwazvo;
Anozotionesa upenyu;
Takaponiswa norudo rwake
Tinokudza Mambo wokudenga.

1.HOSANA wokudenga,
Ndoimba nezwi rangu,
KuMwana waDavid,
Wauya Kwandiri,
Hosana, ndiyamure
Pakurema kwangu:
Wauya asadanwa
Muponisi wangu.

2.Ndoshonge dzakadini
Azondishanyira?
Mugadziriri iwe
Moyo wako wose,
Ndoupira kwauri
Mununuri wangu,
Upfugame namabvi
Chokwadi ‘she wangu.

3.Ndasunungurwa newe
Mudhorongo rangu:
Rakadimurwa newe
Iro joti rangu
Rakandirasikisa
Ndasiya upenyu
Wakandifarisazve
Pakuchema kwangu.

1.RUMBIDZAI , vanhu mose!
Zvirumbidze, zvinhu zvose!
Nhasi musi wokukudza
Nhasi musi werufaro.

2. Mununuri wakazvarwa,
Rufaro rwakauyiswa,
Nhasi tsitsi dzakauya,
Nhasi kupona kwakauya.

3.Haana kuuya sehondo,
Fambisai idzi nhau,
Kuti nedzo tsitsi dzake
Wauya kuzotifira.

4.Fambisai idzi nhau
Dziende panyika yose.
Tendaika vanhu mose!
Nezvinhu zvose zvitende!

1.RUMBIDZAI , vanhu mose!
Zvirumbidze, zvinhu zvose!
Nhasi musi wokukudza
Nhasi musi werufaro.

2. Mununuri wakazvarwa,
Rufaro rwakauyiswa,
Nhasi tsitsi dzakauya,
Nhasi kupona kwakauya.

3.Haana kuuya sehondo,
Fambisai idzi nhau,
Kuti nedzo tsitsi dzake
Wauya kuzotifira.

4.Fambisai idzi nhau
Dziende panyika yose.
Tendaika vanhu mose!
Nezvinhu zvose zvitende!

1.KRISTU , Imanueri!
NdiMwari nomunhu!
Tinotenda uyu musi
Wokuuya kwako.

2. Unotifugisa
Nokupfava kwako:
Uno munhu sowaMwari,
Ukava muranda.

3.Uko kuita kwako
Wakuitira isu,
Tigoti nebasa rako
Tionewo nzira.

4.Tanga tarasika
Nokuipa kwedu,
Wakauya kutidzora
Kune chakaipa.

5. Wati uri nzira,
Iyo yechokwadi
Vose vanofamba nayo
Vochiwana ngoni.

6. Zvino toti Jesu
Tikukurumbidze,
Tinoimba tichifara
Nokuuya kwako.

1.TARIRAI mudzione
Netsitsi dzakanyanyisa,
Dzakarehwa noMuponisi,
Wakafira isu vanhu.

2. Tanga tichitamba parima,
Tisina chatiedzera:
Tanga tichifamba tichitadza,
Tisaziva kururama.

3.Watitusa Iwe, Mwari,
Netsitsi dzako ihuru;
Wakatipa Mwana wako,
Wakatiedzera naye.

4.Tinotenda Iwe, Jesu,
Isu vanhu vakaipa;
Wakaripa kuipa kwedu,
Wakatakura iye oga.

5. Iwe, Mweya woutswene,
Uya uve nesu tose,
Utituse, tikuone
Apo pakaitwa newe.

1.URI mupenyu Muponisi,
Uri mupenyu iye;
Tafariswa isu vanhu,
Uri mupenyu iye.

2. Wanga wafa Muponisi,
Wanga wafa iye;
Wabayirwa isu vanhu,
Wabaiwa iye.

3.Wakakwira kudenga,
Wakakwira iye;
Utiteurire isu,
Oteura iye.

4.Unotonga Muponisi,
Unotonga isu
Taponiswa pakaipa,
Taponiswa isu.

1.WATAKURA kuipa Jesu,
kusi kuipa kwako;
Ukaripa mhosva Jesu,
Isi mhoswa yako.

2. Waiva munhu unetsitsi
Usatadza Iwe;
Raparara ropa rako,
Wakanaka iwe.

3.Kudarika kwedu kwose,
Kwakanyorwa newe;
Nezvirandu zvedu zvose,
Zvakanyorwa newe.

4.Taregerwa taponiswa,
Nezvirwadzo zvako,
Tinoshambwa pakaipa
Nero ropa rako.

1.TSITSI hedzi dzamira dzega,
Nezvirwadzo zvakamira zvoga,
Nengoni dzakamira dzoga,
Pamuchinjikwa.

2. Ishe waburuka kudenga,
Akazova munhu kuvanhu,
Akava diramhamba redu,
Pamuchinjikwa.

3.Rutendo rwedu rwomirepi?
Kufunga kwedu kwomirepi?
Norudo rwedu rwomirepi
Pamuchinjikwa.

4.Tsaona ingaperi yose,
Nemhaka dzose dzingaripwe;
Zvakaipa zvinoregerwa;
Pamuchinjikwa.

5 Dzakaona ngirozi pasi,
Dzakati gwanamwana pasi,
Dzichiona mashure ayo!
Pamuchinjikwa.

1.URI Mwari Muponisi,
Wakaita zvose;
Uri Mwari Muponisi,
Wakakurumbira.

2. Wave munhu Muponisi
Nokuipa kwedu
Wave munhu Muponisi,
Wakafira isu

3.Une tsitsi Muponisi
Navari pamhosva;
Une tsitsi Muponisi
Navari pakufa.

4. Wachimbidza Muponisi
Kuzotipindura;
Wachimbidza Muponisi,
Kutisunungura.

5. Une simba Muponisi
Rokutiponesa;
Une simba Muponisi
Rokutifadzisa.

6. Uno rudo Muponisi,
Une tsitsi nesu;
Uno rudo Muponisi
Ngatimude iye.

1.NGATITENDE kuna Jesu,
Nokuti watifira;
Wakatiitira tsitsi
Nokutifira kwake;
Ishe, Baba!
Iva netsitsi nesu.

2.Isu vanhu vamapofu,
Wakauya kunesu;
Wakatifira vanhu vose,
Wakatifira mapofu;
Ishe, Baba!
Iva netsitsi nesu.

3.Vatema naivo vachena,
Vatende pamwe chete;
Ngavakurumbidze vese,
Vaimbe kuna Ishe;
Ishe, Baba!
Iva netsitsi nesu.

1.CHANGAMIRE , Muponisi
Ishe wakambozvidzwa;
Nezvirwadzo zvako, tenzi,
Kwakwaniswa kupona.
Changamire, Mambo Jesu!
Mutakuri wemhosva;
Nako kufa kwakakomba
Takapiwa upenyu.

2. Gwayana raMwari baba
Tonamata kwauri;
Ropa rakaparadzirwa
Isu vakarasika.
Vanhu vako vose, Ishe
Vakatengerwa nzwimbo;
Vakazarurirwa musuwo
Webako rokudenga.

3.Changamire! Wakagadzwa
Pachigaro chitswene,
Hondo dzose dzokudenga
Dzinokukurumbidza.
Unoteurira isu,
Unotireverera;
Pamusha wako mutswene
Unoda kutipinza.

4. Wafanira kugam'chira
Kukudzwa noutsvene;
Kukurumbidzwa kukuru,
Rudo rusingaperi.
Tiyamurei ngirozi,
Uyai nenziyo dzenyu;
Tose tiimbire Mambo
Tine mwoyo michena

1.N’ANGA huru yava pedyo,
Une tsitsi ndiJesu;
Anoda kutifarisa,
Inzwa izwi raJesu.

Korus Korus
Rwiyo rwakanakisa,
Zita rakanakisa,
Rumbo rwakanakisa,
Jesu, Ishe, Jesu.

2.Waregerwa zvakaipa,
Inzwa izwi raJesu;
Famba zvakanaka uko,
Uende kuna Jesu.

3. Utsvene huri kwaari,
Zvino ndotenda Jesu;
Ndinorida zita rake,
Zita raKristu Jesu.

4. Kutya kwangu kwaparadzwa,
Nero zita raJesu.
Mwoyo wangu unofara
Kunzwa zita raJesu.

5. Kana tichikwira uko,
Tisvike kuna Jesu;
Tichakurumbidza zita,
Zita raShe Jesu.

1.TINE chipo chakakomba
Chatakapiwa iyesu;
Tachipiwa naJehovha,
Icho chipo chatinacho.

2. Chakomba ichi chipo,
Kwavari vakachiwana;
Vanochida kwazvo icho,
Pamusoro pezvinhu zvose.

3. Chine simba icho chipo,
Kwavari vakachiwana;
Choupenyu icho chipo,
Kwavari vakachigam'chira.

4. Icho chipo ndiye Jesu,
Chatakapiwa iyesu;
Uri chipo chakakomba,
Kwavari vanomutenda.

5. Tinomutenda Jehovha,
Naicho chipo chikuru;
Tinom'tenda Mwari oga,
Nokutipa mwana wake.

1.IRO zita raJesu,
Iguru rakakura;
Rinodiwa kudenga
Rinotyiwa panyika;
Iguru kuvatendi,
Rokudzwa nokuimba.

2. Iro zita raJesu,
Ragam'chirwa nom'tadzi,
Rodambura makashu
ASatani okuipa;
Wakatenda kwariri
Wamutswa pano rufu.

3. Iro zita raJesu,
Ndokudza iro roga;
Nomusi wandoenda,
Ndozoreva pakufa;
Nezita rake Jesu,
Ndigoenda kudenga.

1.JESU, iwe uri nzira,
Toenda newe kudenga,
Unotitungamirira,
Tiponiswe pakaipa.

2. Jesu, uri zvirokwazvo,
Nawo ose manzwi ako;
Namakuhwa akaipa
Mberi kwamaziso ako.

3. Uri Jesu woupenyu,
Tingapone newe tose;
Kunozodaro rapinda
Pakudenga tive newe.

4. Nzira kwayo youpenyu,
Tokutenda isu tose;
Nayo yose mwoyo yedu
Tinotenda nguva dzose.

1.MUNUNURI ndinomuda,
Kuti unondiponesa
Ndinobviswa pano rufu,
Ndinopinzwa paupenyu.

2. Mununuri ndinomuda
Kuti wandiregerera;
Wandiparadzira ropa,
Wakaripa mhosva yangu.

3. Mununuri ndinomuda,
Kuti wakandishambidza;
Wandibisa zvakaipa,
Nezvitadzo zvangu zvose.

4. Mununuri ndinomuda,
Kuti wandivhenekera;
Wabisa upofu hwose,
Wandiburitsira mwenje.

5. Mununuri ndinomuda,
Unondiperekedza
Izwi rake ndiwo mwenje
Wokuchenga tsoka dzangu.

6. Mununuri ndinomuda,
Kuti unondiyamura,
Kana ndiri pakurwara,
Ndinosimbiswa pabasa.

7. Mununuri ndinomuda,
Kuti uri simba rangu,
Unondifadza pamwoyo,
Unokunda dzose hondo.

8. Mununuri ndinomuda,
Rakakomba zita rake:
Ngandikwaniswe ini
Pano rununuro rwake.

1.JESU ndinokuda M’ponisi wangu,
Ndasiya zvose zvakaipa zvangu,
Iwe M’sununguri, Iwe Muchengeti,
Ndinokuda Jesu, ndinokuda Jesu.
Ndinokuda Jesu, ndokuda zvino.

2. Ndokuda nokuti Iwe wandida,
Wakandiroverwa pamuchinjikwa,
Ndokuda nokuti wakandifira,
Ndinokuda Jesu, ndinokuda Jesu.
Ndinokuda Jesu, ndokuda zvino.

3.Ndinogokuda ndichiri mupenyu,
Ndichakurumbidza mazuva ose,
Nomusi wokufa ndinogoimba,
Ndinokuda Jesu, ndinokuda Jesu.
Ndinokuda Jesu, ndokuda zvino.

4.Kakare, kana ndiriko kudenga,
Ndichagara newe, ndichakukudza,
Ndichaimba kwazvo navanhu vose,
Ndinokuda Jesu, ndinokuda Jesu.
Ndinokuda Jesu, ndokuda zvino.

1.KRISTU Wamuka nhasi! Wamuka kwazvo!
Kristu Wamuka nhasi! Wamuka kwazvo!
Wakatakura kuipa kwedu,
Wapedza basa rake.
Wakakunda kufa, wakakunda kufa.
Areruya! Areruya! Areruya! Amen.

2. Kristu Wamuka nhasi! Wamuka kwazvo!
Kristu Wamuka nhasi! Wamuka kwazvo!
Ngavafare vanhu vose.
Ngavaimbe pamwe chete.
Wamuka nhasi, Wamuka nhasi.
Areruya! Areruya! Areruya! Amen.

3. Kristu Wamuka nhasi! Wamuka kwazvo!
Kristu Wamuka nhasi! Wamuka kwazvo!
Wakapedza basa guru,
Tose takawana tsitsi,
Hosana kwaAri! Hosasa kwaAri!
Areruya! Areruya! Areruya! Amen.

4. Kristu Wamuka nhasi! Wamuka kwazvo!
Kristu Wamuka nhasi! Wamuka kwazvo!
Ngavaimbe vanhu vose,
Ngavaimbe norufaro,
Nziyo dzakanaka, nziyo dzakanaka.
Areruya! Areruya! Areruya! Amen.

1.TINOFARA nhasi,
Isu tinotenda,
Tirumbidze Ishe wedu
Nokumuka kwake.

2. Uchiri muupenyu,
Nyamba wakambofa;
Ndorupi rukundo guva
Nesimba rokufa?

3.Rose basa rake,
Rose wakapedza;
Ruponiso waruwana,
Tingapone tose.

4.Farai vatendi,
Hoyo Mambo wenyu!
Ngakuberekwe mapudzi
Okutenda kwenyu.

5. Ikoko kudenga,
Anokusuwai,
Nokuti iye wamuka
Newe ungamuke.

6. Unodiiko iwe
Wakaipa wafa?
Chinhu chatarirwa iwe
Icho chokumuka.

7. Rasa nharo dzako
Uya tenda iye,
Dombochimuka pakufa,
Unokuponisa.

1.WAKAMUKA Ishe Jesu,
Wakabuda pane guva,
Wakamuka noumambo,
Wakamuka pano rufu.

2. Jesu woupenyu hwose,
Haunokunzwa kuora,
Uchagara noupenyu,
Unofara nokufara.

3.Jesu tinokurumbidza,
Nako kufa wakambofa;
Dzose hondo wadzikunda,
Nero zuva wakamuka.

4.Jesu zvirokwazvo zvako
Zvinoonekwa zvokwadi;
Waita vatendi vako
Vave vazhinji zvikuru.

5. Vagoti nomusi wako
Zvinoonekwa zvokwadi;
Waita vatendi vako
Vave vazhinji zvikuru.

1.NDINOBVA kwamuri, ndinoenda kudenga,
Ndinoenda kuimba yaBaba;
Kune iyi imba inoutswene ‘ukuru,
Ndinokugadzirirai nzwimbo.

2. Kana ndichienda, ndokudzokerai,
A ‘vanhu venyika havaone:
Kana ndichidzoka ndokugam’chirai,
Tigare panzwimbo ndinemi.

3.Iri ‘zwi raMambo, riri ‘zwi ro’faro,
Farai! Vatendi, farai!
Ishe wakaenda, asi achadzoka,
Apinze kudenga imi mose.

4. Ipapo togara pautsvene kwazvo,
Navazhinjizhinji chokwadi;
Neredu ir’zwi tiri pana vamwe,
Tokudza Ishe wokudenga.

1.MWEYA Mutsvene waMwari!
Gara muno mumba;
Buruka zvino nesimba,
Uya, Mweya, uya!

2. Uya Mweya kufanana
Kupenya kwezuva;
Vhenekera moyo yedu,
Onisa kuipa.

3. Onisa rushavashava,
Nezvirwere zvose,
Titungamire panzira,
Panoenda vatsvene.

4. Uya serimi romoto,
Pisa moyo yedu,
Tichive zviteuriro
Kuna Ishe wedu.

5. Uya Mweya kufanana
Dova rokudenga,
Mwoyo isingabereke
Ive namapudzi.

6. Uya senjiva yedenga,
Utivumbamire
Nemapapiro orudo,
Noruregerero.

7 Uya sedutu remhepo,
Netsitsi nengoni,
Kuti vanhu vakuone,
Nokupenya kwako.

8. Mweya Mutsvene waMwari!
Tarasika isu;
Buruka zvino nesimba,
Uya, Mweya, uya!

1.SIMUDZA kufunga kwedu
Mweya woutsvene;
Tifunge mabasa ako,
Tidzidzese nawo,

2. Iro zuva rokuuya,
Ngarisvike zvino;
Kuti iwo moto wako
Usvike kwatiri.

3. Tambanudza ndimi dzedu,
Dzidzidziswe newe;
Tizviteurire.

4. Kusangana kwamashoko,
Takakumirira;
Uya mweya woutsvene,
Ita basa pano.

5. Uya nesimba zvikuru,
Zadza iyi nzvimbo;
Tigonzwa masimba ako
Nokuita kwako.

6. Chikurumidza kuuya,
Mweya woutsvene;
Chinzwa miteuro yedu,
Utiburukire.

1.TINE dama rako Mwari,
Noupenyu naro;
Tinoziva zvakaipa,
Muponisi wedu.

2. Rakafamba iro dama,
Richafamba iro;
Ose marudzi avanhu,
Amirira iro.

3. Dzinokundwa hondo dzose.
Neri dama Ishe:
Ichazara nyika yese,
Neri dama Ishe.

4. Dzose nzwizi dzapanyika
Dzichafara naro;
Navanhu vose venyika
Vopfumiswa naro.

5. Dzichapera hondo dzose
Nezwi rako Mwari;
Kuchauya kuwadzana,
Nezwi rako Mwari.

1.DZIDZISAI vadzidzisi,
Imi vanhu vake!
Mudzidzise izwi rake
Kudzo dzose nyika.

2. Asi ngoro yezwi rako
Ngaifambe iyo;
Kudzo dzose nzvimbo, Jesu,
Ngaifambe iyo.

3. Vadzidzisi dzidzisai,
Imi vanhu vake!
Ngarinzwiwe dama rake
Navo vanhu vose.

4. Asi dama rako, Ishe,
Ngarisvike muno;
Ngarikwane nyika yose,
Kudzo dzose nzwimbo.

5.Asi nyika ndiri kure,
Ngadzizive idzo;
Dzitarire kuna Jesu,
Dzichitenda Iye.

1.RIRIPO tsime rizere
Neropa raJesu;
Vatadzi vakashamba ‘mo,
Vakachena kwazvo.

Korus
Ndinotenda, ndinofara,
Jesu wandifira;
Napamuchinjikwa ropa
Randaparadzirwa.

2. Uyo m’pati wakafara
Kuona tsime ‘ro;
Neni mutadzi mukuru
Ndinotenda kwazvo.

3. Iwe, Gwayana raMwari,
Ropa rine masimba,
Kutisunungura isu
Pane zvakaipa.

4.Handifanire kupinda
Kudenga kutsvene;
Asi Iwe wakaripa
Mhosva dzangu dzose.

5. Ndichaimba nero shoko
Nguva dzangu dzose;
Nokudenga ndichafara
Nokusingaperi.

1.PAIMBA yeGwayana raMwari
Ichiripo nzwimbo yokupinda.
Pindai, pindai, nzvimbo ichiripo.

2. Ruripo rufaro nokuimba,
Ruripo rudo rwose nengoni,
Pindai, pindai, nzvimbo ichiripo.

3. Tinodaidzwa naiye Muridzi,
Anoda kuti vose vapinde.
Pindai, pindai, nzvimbo ichiripo.

4. Wapera musi, ravira zuva,
Kwaiva nemimvuri mirefu.
Pindai, pindai, nzvimbo ichiripo.

5. Imba yetsvitsa yoda kuzara
Uchazarurirwa Mukuwasha.
Pindai, pindai, nzvimbo ichiripo.

6. Chinjera kwazaririrwa gonhi,
Kana zvichinzi, “Nzvimbo haipo.”
Haipo, haipo, nzvimbo haipo.”

1.ISHE ndinzwe nokufara
Ndinzwe netsitsi dzako
Dzaunopa vanhu vose
Ngadziuye pandiri, pandiri

2. Rega kundisiya, Baba,
Kana ndiri mutadzi,
Ndinokuipa pamoyo,
Asi uya pandiri, pandiri.

3. Uya pano, Muponisi!
Ngandichengetwe newe;
Kana uchindishevedza,
Ndichauya kwauri, kwauri

4.Mweya Mutsvene wa Mwari!
Rega Kundipfuura,
Ngandione ndiri bofu,
Taura izwi resimba, resimba.

5. Rudo rwako Mwari Baba,
Ropa raIshe wangu,
Nokuwadzana KwoMweya.
Kungavepo kwandiri, kwandiri.

1.NDINOCHEMA Ishe Mwari!
Baba uri Mutsvene, ndinzwe;
Handina kufaro Mambo,
Ndiponise Ishe wangu.

2. Ndiri hwai, ndarasika;
Nganditsvakwe, ndidzoswezve;
Ndiri pasi pamapako,
Chindironda Ishe wangu.

3.Ndakarasa nzira yako,
Ndikarega tsitsi dzako,
Ndikakwira pamikwidza,
Ndikanyura pakaipa.

4.Pane rima rakakomba
Buda, Zuva rakanaka!
Ngandipinde pane nzira,
Ndiponiswe, Ishe, Jesu.

1.JESU ndanga ndakurasa,
Asi wanga wandifira,
Asi nhasi ndinonyara,
Pamhidza undigam'chire.

2. Handina kufanira ini,
Kuitirwa idzo tsiti;
Zvino ndinoita seiko?
Pamhidza undigam'chire.

3.Ndino kuipa kukuru,
Nhasi kwandimanikidza;
Ndakatarisa kudenga,
Pamhidza undigam'chire.

4.Zvose zvandanga ndaita,
Zvaipa ndinozvinyara;
Ishe wangu nechokwadi,
Pamhidza undigam'chire.

5.Ishe, Jesu, ndinochema
Zvino ndiri pasi pako,
Ndochemera mhosva yangu,
Pamhidza undigam'chire.

1.UYA mwoyo wangu,
Uya kuna’she wangu;
Uya nhasi wakaipa,
Usaende pano rufu,
Uya mwoyo wangu.

2. Chema mwoyo wangu,
Nezvakaipa zvangu;
Zvakaipa zvinonyadza,
Asi ini ndichinazvo,
Chema mwoyo wangu.

3.Teura mwoyo wangu,
Uya kuMununuri;
Daidza iwe kuna;she,
Unonzwa iye kudenga;
Teura mwoyo wangu.

4.Imba mwoyo wangu,
Tenda kuna’She wangu;
Wakambouya panyika,
Kuti ndiende kedenga;
Imba mwoyo wangu.

5. Fara mwoyo wangu,
KuMununuri wangu,
Wakauya kundifira,
Zvino wakandiponesa,
Fara mwoyo wangu.

1.MWARI ndiri murombo,
Ndiri murombo wako.
Mwari ndiri nherera,
Ndiri nherera yako.
Nezvakaipa zvangu,
Zvandiita nherera.

2. Iwe Mwari Mutswene,
Netsitsi dzako Baba,
Wandipa Mwana wako
Kuti azondifira,
Kuti andiponese
Neropa rake roga.

3.Iwe Mwana waMwari
Chindiponisa ini,
Kuzvakaipa zvangu,
Ndinoremerwa kwazvo.
Ndiwe Musunungur
Ngandinunurwe newe.

4.Iwe Mwanakomana
WaMwari Baba vangu,
Ndiwe wakandifira
Pamuchinjikwa wako.
Wakaoniswa nhamu
Kuti kupone ini.

5. Mwari ndinomutenda
Jesu ndinokutenda
Newe Mweya Mutsvene
Muri vatatu mumwe.
Ngandirumbidze kwazvo
Kusingaperi Baba.

1.BABA ndiri mwana wako,
Kana ndakatadza;
Ndinochema mberi kwako,
Baba ndiregerere.

2 Zvitadzo zvangu zvizhinji,
Hazvingaverengwi;
Ndinozviisa kwauri;
Baba ndiregerere.

3.Mirau yako ndakatyora,
Iwe ndakuzvidza;
Mununuri ndamurasa,
Baba ndiregerere.

4.Ndakatadza nokureva,
Ndakatadza kufunga,
Ndakatadza namabasa;
Baba ndiregerere.

5. Kana ndanga ndafanira
Nokukurumbidza,
Ndatadza nokukanganwa,
Baba ndiregerere.

6. Nezvakaipa zvizhinji
Baba ndakatadza,
Ndakakunyadzisa iwe,
Baba ndiregerere.

7. Uri Mwari une ngoni,
Dzisina kupera,
Naizvozvo ndinochema,
Baba ndiregerere.

1.RAKANAKA iro zuva
Randakatenda kuna'she!
Mwoyo wangu fara zvako,
Udza vanhu vose iro.

Korus
Ranaka, ranaka, raJesu wakandishamba.
Iye wakandidzidzisa kurinda nokuteura,
Ranaka, ranaka, raJesu wakandishamba.

2. Chanaka chitenderano
Chinondisunga kuna'she!
Ngaizadzwe imba yako
Norwiyo rwandinoimba.

3. Rakapera basa guru;
Ndiriwake, uri wangu:
Wakandizvuva norudo
Ndikamutevera ini.

4. Mwoyo wangu! chizorora!
Wakatsaukaniswa kare:
Rega kubva kuna Ishe,
Kwa'ri zvose zvakanaka.

5. Nokudenga kwakachinzwa
I'chitenderano changu;
Napakufa ndingatende
Nokuti ini ndiri wake.

1.UNA vanhu vako, Mwari
Kudzo dzose nguva;
Unovachengeta iwe,
Pane nzvimbo dzose.

2. Kana voyambuka nzizi,
Uve navo iwe;
Kana vapiswa nemoto,
Vanochengetwa newe.

3. Pavanokutambudzika
Vanosimba newe;
Napane zvinovaruma,
Unovachengeta.

4.Ishe vatarire iwe,
Ivo vanhu vako;
Vanotenda, vanofunga,
Ivo vanhu vako.

1.MWEYA wangu uno Muponisi,
Ndakasunungurwa;
Musununguri ngandinaniswe,
Ndichagam'chirwasu?

Korus
Ndoda, ndoda, ndoda
Mwari muyamuri uri wangu:
Ndakatengwa neropa raIshe,
Ndava wake chose.

2. Nengoni ndichagam'chira tsitsi,
Rudo rwako Kristu,
Rwaukunda moyo wangu kwazvo,
Ndichavimba newe.

3. Unoziva kusasimba kwangu,
Ndotya kurasika,
Asi iwe uri simba rangu,
Unondipa simba.

4. Hongu, Ishe, tipe isu tose,
Ngoni dzako nhasi,
Nezvinobva pamwoyo tichiti:
"Ndichava waKristu".

5. Vakauya vamwe vachibunza:
"Tingapone here?"
"Hongu, ndinoda muponisiwe"
Nesu tinodaro.

1.TIRI vawadzani, tiri vawadzani,
Mhuri yaJesu Mambo wedu:
Dai tichidana, dai tichidana,
Hapanda usvinu kudenga.

2. Tinoyamurana, tinoyamurana,
Vatendi vaIshe mukuru,
Tisingatsaukane, tisingatsaukane,
Hakuna kudaro kudenga.

3. Tiri hondo imwe, tiri hondo imwe,
Mbirimi dzaMambo mukuru:
Ngatimurwirei nomwoyo mumwewo,
Panzira inoenda kudenga.

4. Iko kudenga kuno rufaro bedzi;
Titende kuna Ishe mukuru;
Naiwo masimba anobva kuna’she
Tinosvika nawo kwaari.

1.FARA iwe m'Kristu!
Fara kuna Ishe;
Waponiswa naye,
Fara nomumwoyo.
Nokutenda kwaari
Nawo mwoyo wako,
Uregerwe naye
Dzose mhosva dzako.

2. FARA iwe m'Kristu!
Watongerwa zvino;
Yakaripwa naye
Yose mhosva yako.
Naikoko kufa
Kwaakafa nako;
Uve nokupona
Iwo mweya wako.

3. FARA iwe m'Kristu!
Fara kuna Ishe;
Uri wake iwe,
Fara nomumwoyo.
Nemisodzi yako
Upisike yose;
Tenda iwe m'Kristu
Nawo mwoyo wose.

1.FAMBAI Vatendi, fambai kurwa,
Munotungamirwa noMuchinjikwa,
Kristu Ishe wedu, Mutingamiri,
Fambai sehondo nesimba rake.
Fambai Vatendi, fambai kurwa,
Munotungamirwa noMuchinjikwa.

2. Satani achatiza, anotya kwazvo,
Fambai Vatendi, mugom'kunda
Anozinguzika namazwi enyu,
Simudzirai mazwi, imbai mose.

3. Inoenda sehondo Kororodzano,
Ichifamba shure Vatsvene vose,
Tisatsukaniswe, muviri mumwe,
Mumwe norutendo, mumwe norudo.

4.Hunogoparadzwa umbambo hwose,
Govero raJesu rinogosara,
Hondo yaSatani isingagone,
Matama aJesu achazadziswa.

5. Ndizvozvo fambai, fambai nesu,
Rwiyo rwokukunda ngatiimbei;
Ngatikurumbidze Kristu Ishe,
Namazuva ose asingaperi.

1.NDANZWA izwi rako,
Rinondidaidza,
Ndishambidze mwoyo wangu
Pane ropa rako.

Korus
Ndouya, Jesu!
Kwauri Ishe!
Shambidza moyo wangu
Pane ropa rako.

2. Ndashaya masimba,
Iwe uchandipa;
Uchandishambidza kwazvo,
Uchanditsvenisa.

3.Jesu wandidana
Nditsvake rutendo,
Norudo noruregerero,
Pasi nokudenga.

4.Jesu wasimbisa
Basa rakanaka;
Wapamhidza ngoni dzake
Pano mwoyo wangu.

5. Jesu wakandipa
Tsitsi dzake dzose;
Wandipa ruregerero
Norutendo rwake.

1.RUKURU ruponiso
Rwaishe wokudenga.
Rwotengwa nezvikuru
Zvichibva pakudenga.

2 Rukuru ruponiso,
Irworwo rwakatengwa
Namaropa aKristu,
Ayo akaparara.

3. Rukuru ruponiso,
Ndorwavo vakaipa;
Kusina unorambwa
Kana aipa sei.

4. Rukuru ruponiso,
Rwabisa pakaipa,
Pakuwa nokutadza,
Nokufa pano moto.

5.Rukuru ruponiso,
Tinoshambidzwa narwo,
Tinotsveniswa narwo,
Tifanane naJesu.

6. Rukuru ruponiso,
Ruripo pan’Ishe;
Tinodya nhaka narwo
Youpenyu kudenga.

7. Tinozodini isu
Kana tikaruramba;
Topona nechiiko
Tikarurambisisa?

1.VAZHINJI vanayo nhaka
Yavanozviinzva nayo;
Vazhinji vanayo pfuma
Yavanozvifarisa nayo.

2. Handizvidzi zvipo zvako
Zvohuhu upe huripo;
Asi iwe Ishe Jesu
Uri nhaka yangu kwazvo.

3. Kunyangwe ndanga ndisina
Zvinhu zvoruno rugaro;
Ndinewe muridzi wazvo,
Ndine zvinhu zvose newe.

4. Kana wava wangu Jesu
Ndakwana nezvinhu zvose;
Nezvi zviripo ndezvangu,
Nezvinouya ndezvangu.

5. Neino nyika ndeyangu,
Nairo denga nderangu;
Nahwo upenyu ndohwangu,
Nokunakirwa ndokwangu.

6. Hahuperi uhwo upenyu,
Huri nhaka yangu newe;
Kunakirwa hakuperi,
Kwandakawana kunewe.

1.NGANDIBEREKE mapudzi,
Ayo oMweya Mutsvene,
Ohunhu nokururama,
Nduramo nomwoyo chena,
Izvo zvose zvorutendo
Nezvorudo nofuraro.

2. Izvo zvinhu ngazvikure
Mumwoyo nenguva dzose,
Zvindiyamure ndidzure
Kose uku kumanikwa
Kousvinu nokwetsino;
Nokwezvinhu zvinobvako.

3. Hongu, Ishe, nganditunge,
Ndivewo unoberera,
Ndivavarire kuwana
Zvosewo zvakarurama,
Zvigorega kuzorambwa
Hwose unhu nadzo tsika.

1.URWO rutendo rukuru
Runotenda somucheche,
Norudo rwebasa rako
Ngandipiwe Mwari irwo,
Ngarukunde mwoyo wangu
Ndiparidze dama rako.

2. Ndipe rudo runopisa
Ndichemere vanotadza,
Ngaruvepo rwundipise,
Ndivadzore pane ngozi,
Ndivadzore panzira
Yaunoponisa nayo.

3. Ngandibvume nazvinoka,
Ndizvipire vakatadza
Vasingazive M'ponisi;
Ndivavarire ndiwane
Vose vari parima
Vasafe vasamuziva.

4. Simba rangu nazvo zvose
Zvipo, Baba, zvandinazvo
Ngazviitwe basa newe
Ndifambise dama rako,
Ndiudze vatadzi vose
Kuti Jesu 'hama yavo.

5. Ngaupiswe mwoyo wangu,
Uzadzise rudo rwako,
Ndiedze nesimba rose
Ndivade kufana newe,
Ndiuye navo kwauri
Mufudzi wakavafira.

1.SIPITI retsitsi nengoni
Tinaro Muripiri wedu.
Iro razarurirwa isu
Naani anoda kuuya.

2. Ishe Jehovha unotida
Kuterone yake kudenga;
Tiende kurwizi tichinwa
Mvura youpenyu kudenga.

3. Tinoti tatenda kwaari,
Tipiwe Mweya woruregero
Tipiwe nengoni tifare,
Kugam’chira ‘dzi ngoni dzake.

4.Tinopiwa norudo rwake,
Tipinde narwo paupenyu,
Tinonzwa chokwadi rufaro
Runenge ndorwapakudenga.

1.MUFUDZI ndiye Jehovha,
Wakandichengeta:
Kushaya hakungavepo,
Unovimba naye.

2. Pana mafuro manyoro,
Ndinodyiswa napo,
Ndinorara nokufara,
Ndisingavhundutswe.

3. Unounatsa nomweya,
Unouponisa;
Kururama ndovanako
Naiye Mufudzi.

4. Kana ndifambe parima,
Handingatye chinhu;
Nokuti iwe uneni,
Unondifarisa.

5. Chidyiro ini ndinacho,
Mberi pavavengi;
Mafuta pamusoro wangu
Handishayi chinhu

6. Kururama nedzo tsitsi,
Dzinonditevera;
Pane imba yaJehovha,
Nokusingaperi.

1.NDITARIRE nokufara,
Ishe wangu!
Ndiwe wanga wandifira,
Ishe wangu!
Waburuka denga rako,
Uchisiya upenyu hwako,
Ndanzwa ruponiso rwako,
Ishe wangu!

2. Ndangandigere pane rima,
Ishe wangu!
Ndandiende pane rufu,
Ishe wangu!
Dzakauya nhume dzako.
Dzandinzwisa dama rako,
Dzandiudza tsitsi dzako,
Ishe wangu!

3.Ngandidzinzwe ngoni dzako,
Ishe wangu!
Ndive muponiswa wako,
Ishe wangu!
Zvakaipa ngazvipere,
Mwoyo uve noutsvene,
Ndinzwe undireverere,
Ishe wangu!

1.TIMUTSIRE Ishe
Uya kuvatsvene.
Taura namasimba ako,
Vanhu vako vanzwe.

Korus:
Timutsire Ishe, kana toteura,
Buruka, Ishe, buruka, utikomborere.

2. Timutsire Ishe,
Mutsa zita rako,
Ngarubvire rudo rwako,
Pane mwoyo yose.

3. Timutsire Ishe,
Utiropafadze,
Ngarinzwiwe dama rako,
Rakanaka kwazvo.

4. Timutsire Ishe,
Tidirire Mweya,
Ngakuve utsvene newe,
Utiropafadze.

1.NDITUNGAMIRE , Jehovha,
Ndiri mufambi Ishe;
Une simba, ini handina,
Ndashaya simba ini,
O M’ponisi!
Ndiwe inhowo yangu.

2. Iro tsime roruponiso
Razarurirwa ini;
Ngarierere ndipone,
Rishambe zvakaipa
O M’ponisi!
Iwe ndosimba newe.

3. Kuti ndasvika Jordhani,
Chibvisa kutya kwangu;
Ndiperekedze ndouya,
Chindichengeta ini,
O M’ponisi!
Iwe ndovimba newe.

1.ISABATA nhasi Ishe,
Iro zuva rako;
Vanofara vanhu vako,
Nero zuva rako.

2. Wakamuka nhasi Ishe,
Pane guva rako;
Wakakunda nhasi kufa
Nokumuka kwako.

3.Wakamuka Iwe M;soro,
Wavo vanotenda;
Tichamuka nesu tose,
Isu tinotenda.

4. Ngarinzwike dama rako
Navazhinji nhasi;
Ngavamutswe pano rufu,
Vave newe nhasi.

<>5. Tinotenda Iwe Jesu,
Pano pamba yako,
Tine zvinhu zvose isu,
Nokumuka kwako.

1.ISHE taungana
Muno mumba yako,
Uya newe zvatapinda,
Ishe mberi kwako.

2. Iyo mwoyo yedu
Inokurwarira,
Nayo mweya yedu Ishe
Inokutarira.

3. Hurukuro dzako
Baba ngatidzinzwe;
Razarurwa dama rako
Newe ngatikunzwe.

4. Ngautigadzire,
Isu vanhu vako:
Kana tafa, tipinzewo
Kune denga rako

1.ZVATAPINDA Ishe wedu
Kune imba yako,
Titarire Mwari wedu
Nedzo tsitsi dzako.

2. Imba iya imba yako,
Imba youtsvene;
Ishe uya tisangane,
Utiropafadze.

3.Tinobvuma zvakaipa,
Mberi kwako Ishe;
Tinokukumbira isu,
Zvino mberi kwako.

4. Zvakaipa zvatinazvo,
Iwe unoziva;
Tinochema naizvozvo,
Nayo mweya yose.

5. Tifadzise Ishe wedu,
Noruregerero rwako;
Tipupure Mwari wedu,
Noyu mweya wako.

6. Rotaurwa dama rako,
Ngatirinzwe tose;
Tichiva nomwenje,
Pane nguva dzose.

1.TAURA nesu Ishe wedu,
Utinzwise dama rako;
Taura nemimwoyo yedu,
Utinzwise rudo rwako.

2. Tiri pano mberi kwako,
Tidzidzise Muponisi;
Utidzore, Baba Mwari,
Kudzo dzose nzira dzedu.

3. Inzwa muteuro wedu,
Utipindure netsitsi;
Mutsa nokufunga kwedu,
Tiridise dama rako.

1. FAMBA mangwanangwana,
Famba masikati,
Famba zuva radoka,
Famba pausiku;
Famba nomwoyo mutswene,
Urege kutyiswa,
Upfugame namabvi,
Teura kwaari.

2. Kumbirira shamwari,
Vose unovada;
Kumbirira vavengi,
Rega kuvasiya,
Shure kwazvo kumbira
Chootsvaga oga,
Nero Zita raJesu
Mununuri wako.

3. Kana washaya nzvimbo,
Yokugara woga,
Kana varipo vamwe,
Zvimwe une basa;
Chimutsa moyo wako,
Mwari anokunzwa,
Kufunga kwedu kose
Kunozibwa naye.

4. Kana waona nhamu,
Teura kwaari,
Neparufaro rwako,
Tenda kuna Mwari;
Simba raakatipa,
Rinokuna zvose,
Simba rokuteura
Kuna Mwari wedu.

1. BABA wedu wokudenga,
Baba wedu tose,
Une ngoni dzakanyanya,
Kune vanhu vose.

2. Ngaribatwe noutsvene,
Iro zita rako;
Ngarikurumbidze, Ishe,
Navo vanhu vose

3. Ihwohwo umambo rwako,
Ngahuuye ihwo;
Hudzikunde hondo dzako,
Dzigam'chire ihwo.

4. Ngakuitwe kuda kwako,
Kune nyika dzose,
Sezvakunoitiwawo,
Kune denga rose.

5. Nhasi tipe sadza redu,
Rinotikwanira;
Dyisa noupenyu rwedu,
Kwose kudya kwedu.

6. Tiregere zvakaipa,
Nemhosva dzeduwo;
Nesu vane mhosva dzedu,
Tinovarega.

7. Utidzore pakaipa,
Kana tichiidzwa,
Tinunure pakaipa,
Kana tichiidzwa.

8. Ushe hwose ndohwako,
Nemasimba ose,
Nyamba kurumbidza kwako
Hakuchazopera.

1. WAKATORA chipapata,
Ukachimedura
Ukati torai mudye.
Zvomuviri wangu.

2. Jesu watora mukombe.
Wati ngamutende.
Ndochitenderano chitsva.
Pane ropa rangu.

3. Tinotora chipapata,
Totarira iwe;
Tinotora tidye tose.
Tichisuwa Iwe.

4. Tinotora nomukombe
Tichivimba newe,
Tinonwa kwauri tose,
Tichifunga Iwe

1. MUVIRI wangu wofa,
Unorinda paguva,
Unokwira mweya wangu,
Unopona paguva.

2. Nyama inozodyiwa.
Nehonye pane guva:
Mweya unomusha wawo,
Uri ikoko kudenga.

1. KWASARA makore,
Nenguva shomana,
Tinoenda kuna avo,
Vari kumakuva.

Korus
Mweya wangu Ishe,
Ngaururamiswe;
Ndishambidze pane ropa,
Bisa zvakaipa.

2. Kwasara mazuva,
Atinawo isu;
Shure kwezvo tichaenda,
Kuno Mutongisi.

3.Kwasara nenhamu,
Dzatinogoona;
Tinoenda pasine nhamu,
Nyika yakanaka.

4.Kwasara misodzi,
Nezvo zvinorema;
Tichaonana naBaba,
Pasina kuchema.

5. Kwasara masvondo,
Mazuva matsvene;
Tichamunamata Mwari,
Kune denga rake.

6. Kwasara chinguva,
Achauya Jesu,
Wakambotifira kuti,
Tive noumambo.

## 1 WAUYA! Wauya! Mucheki mukuru,

Vanhu vachaona Ishe wedenga,
Vanogozomutswa vari kumakuva,
Ava vaonekwe vose pakachena.

2. Zvinhu zvatinoona zvose zvichatsva,
Makomo, mapako, zvichanyongodeka,
Zuva richadzimwa mwedzi uchapera,
Vakaipa vachashaya pokuvanda.

3. Mucheki asvike nehondo huru,
Hondo inouya yavanyai vedenga;
Nameso oMucheki mukuru aone,
Zvinhu zvakavanda, zvinhu zvakaipa.

4Vatadzi vanova nokutya kukuru,
Vanogodedera pameso oMucheki,
Vasakarurama vachazoparadzwa,
Vaiswe munzvimbo yokutambudzika.

5 Regai zvakaipa, mutye mururame,
Munzwe izwi raShe, munamate mose,
Zviteuririrei, mutsvake netsitsi,
Inguva nazvino, uyai mugam’chire.

## 1 MUMANZI uri kudenga,

Kana kozoridzwa iwo,
Nokuriridza kukuru,
Kana kozonzwika iko,
Kuparure nemakuva,
Kutsemure nepanyika.

2 Negungwa rinovabisa,
Ivavo varakamedza;
Nenyika inovabisa,
Vose vakanga vavigwa;
Vamukire pano rufu,
Vanoenda pakutongwa.

3 Vati ivo vakafira
Pane zvakaipa zvavo,
Nenguva yavanoona,
Ichocho chityiso chavo;
Vawe vose pane gomba,
Vakandirwe pane moto.

4 Ndivo vakanaka voga,
Vanopona noyo musi;
Ndavakatongerwa vega,
Vanozopinda kudenga,
Vaine mibairo yavo,
Vaina Muponisi wavo.

## 1 CHINHU chinotyisa kwazvo,

Zuva rokupera;
Kana Ishe achitonga,
Kokupedzisira.

3 Kuriko nokuvandana,
Pane ino nyika,
Naikoku kuvandana,
Kwouya pachena.

4 Pane nyika kunotadzwa,
Kusina kunzwika;
Nyamba kwose kwakanzwika,
Nomuzivi zvose.

5 Nero zuva pamibvunzo,
Kunonzwika zvose,
Zvakaitwa panyika,
Kumarudzi ose.

6 Ngavadzoke vakaipa,
Pakuipa kwavo;
Teurai nhasi mose,
KuMusununguri.

1. MUSI wehasha nokutya,
Musi wokuchema kwazvo,
Achazadziswa Matama
Avaprofta vakare.

2. Achauya kuzopisa
Denga nenyika nazvose,
Mutongi mukuru Jesu,
Tinogoita seiko?

3. Hedzo manzi dzicharira,
Vachadzinzwa pamakuva,
Vapenyu nevashakabvu,
Vanoenda kundotengeswa.

4. Nyika inogoriridza,
Anogoshama makuva;
Zvinhu zvose zvichamuka,
Zvinogopindura Ishe.

5. Urwo rugwaro rutsvene,
Mune zviito zvavanhu,
Runogoverengwa na'she,
Zvose zviiswe pachena.

Part 3

Mutongi zvaakagara,
Anotonga zvinhu zvose,
Nezvo zvakanga zvavanda,
Mabasa namatamawo.

Ndinogoita seiko?
Tsitsi dzinogobvepiko?
Anondiyamura ndiyani?
Nomusi uyo wokutya.

Mambo woutsvene, Iwe,
Wakatipa Muponisi,
Tiitire tsitsi, Ishe,
Musi uyo wokutongwa.

Iwe Jesu wave munhu,
Nenzira yoruponiso,
Rega kundisiya zvino,
Ndive mutandwi naMwari.

Wakambonditsvakisisa,
Wakambondifira ini,
Basa rako guru, Ishe,
Haringandiponise, nhai? Part 3
Mutongi wakarurama
Ndiregere zvakaipa,
Ndiitire tsitsi, Mwari,
Musi usati wasvika

Hongu ndine mhosva ini,
Ndinonyara mberi kwako,
Ndinochema kwazvo kwazvo,
Ndiregere, Mwari wangu.

Iwe wakamboponisa
Mukadzi akaipisa,
Nembavha pamuchinjikwa,
Ndiitire tsitsi neni.

Zvikomero zvangu zvose,
Nayo minamato yangu,
Haine basa, Jehovha,
Chete ndochemera tsitsi.

Ndiise nehwai dzako,
Ndirege kuva nembudzi,
Parudyi rwako kudenga,
Ndopandinoda kugara.

Ndinopfugama netsitsi,
Ndinorwarira zvitadzo,
Ona, Mwari, mwoyo wangu,
Uya kuzondiponisa.

1. PAM’SORO pakudenga,
Ndavakanaka vega,
Pam’soro pakudenga,
Kuna vatsvene vega.

2. Anoda kuendako,
Ngaazviteurire;
Anozogadziririrwa,
NoMweya woutsvene.

3. Jesu wakatifira,
Kuripa mhosva yedu,
Kuti tiitwe vatsvene,
Naiyo mweya yedu.

4. Kuti kana tavingwa,
Norufu pano pasi,
Tirege kuzorambwa,
Kuenda pakudenga.

1. PAKUDENGA kuna Baba
Kwakanaka kwazvo;
Pakudenga kuna Baba,
Kwakafara kwazvo.

2. Hakupindi chakaipa,
Kana chiri chimwe,
Hakupindi zvokurwara,
Nechirwere chimwe.

3. Ndavatsvene ivo voga,
Vanogara ikoko;
Vanokuda vanamate,
Iwe Mwari wavo,

4. Vakawana musha wavo,
Musha vakagara;
Vakawana noupenyu,
Husingapfuure.

5. Ndiri mweni pane nyika
Ndinosuwa denga;
Ndandipinde newe Jesu,
Ndiende kudenga.

1. DOMBONDIPA meso ndione
Pauzuru kudenga,
Ndivaone vano utsvene,
Vanofara kuna'she.

Zviya zvavaiva panyika,
Vaichema misodzi,
Vaimanikwa nokuedzwa,
Muedzi achiedza.

Ndakaona negwara rake,
Ndikabvunza makadii?
Ndiyeyo wanga watifira,
Wanga wafira isu.

Vakaona negwara rake,
Raenda paupenyu;
Vakafamba, pagwara rake,
Vazorora kudenga.

Ngaarumbidzwe M'tungamiri,
Zvaaitungamira;
Kusashaike muteveri
Panero gwara rake.

1. JERUSAREMA , musha wangu,
Musha wakanaka!
Kana ndapedza mabasa,
Ndinoenda kwauri.

2. Ndichauona rinhiko,
Uyo musha wangu?
Une dzimba dzakanaka,
Nokudya kutsvene.

2. Hapasisina kuipa,
Hapana nenhamu,
Ndinoramba ndichienda,
Kumusha mutsvene.

3. Ndingatye here kurwadza?
Ndingatize kufa?
Kwete ndinoenda kuKenani,
Nyika yandinoda.

4. Vaprofita vadzidzisi,
Vakafira Jesu,
Varipo pamwe naKristu,
Neni ndichienda.

5. Jesusarema musha wangu,
Wandinotsvakisa!
Kana ndasvika kwauri,
Ndichafara kwazvo.

1. NZVIMBO yakanaka!
Musha waJehovha.
Denga ramatenga,
Denga routsvene,
Iyo nzvimbo yakanaka,
Ndinoenda rinhi kwairi?

2. Anoenda muenzi,
Woda kuzorora;
Hama dzangu, musha
Uriko kudenga.
Iyo nzvimbo yakanaka,
Ndinoenda rinhi kwairi?

3. Pano tadzikira
Matende panyika,
Hausiri musha,
Tinawo kudenga.
Iyo nzvimbo yakanaka,
Ndinoenda rinhi kwairi?

4. Hapana misodzi
Kum’soro kudenga;
Hapana nokufa,
Nezvo zvikomero.
Iyo nzvimbo yakanaka,
Ndinoenda rinhi kwairi?

5. Zviedzo zvisipo,
Nezvitadzo zvose;
Ndichazororako,
NoM’ponisi wangu,
Iyo nzvimbo yakanaka,
Ndinoenda rinhi kwairi?

1. NGUVA yakanakisisa
Yokukurumbidza,
Kana tadzoredzaniswa
Pam’soro kudenga:
Ndizvozvo tichinzwa manzwi
Echisimbisiso,
Chokuti kana tikafa
Pane ino nyika.

Korus
Tinosangana kudenga
Neropa raJesu:
Nokutenda kuna Jesu
Tichasanganiswa.

2. Kunakisa korugare
Rwakasunga mwoyo:
Isu kana taungana
Pazita raKristu
Mwanakomana waBaba
Wakakomborerwa,
Chifungidziro chokuti
Tichasanganiswa.

3. Hongu, nokukurumbidza;
Kukunda madzudzo;
Tsoka dzedu dzakaneta
Dzichayambukira
Zambuko rine ndarama
Pavakagarira,
Avo vanotida isu,
Ruripo rufaro.

4. Kana takatsaukaniswa
Kukange kwasvika
Namazuva mashomana
Makore mashoma
Tichava naye M’ponisi,
Pane idzo nzvimbo
Dzatinoreverwa kunzi
Tichasanganiswa.

1. NDINOFARA kuti Baba wedu
Wareva rudo rwake rukuru,
Parugwaro rwake rwakanaka,
Wakandiudza Jesu wandida.

Korus
Ndinofara Jesu wandida,
Anondida, anondida;
Ndinofara Jesu wandida,
Ini anondida.

2. Kana ndichimukanganwa Iye,
Asi anongondiyeuchidza,
Zvino kwaari ndinodzokera,
Ndofunga kuti Jesu wandida.

3. Jesu anondida ini kwazvo,
Kuti wandipa upenyu kwake;
Kutadza kwangu wakakufira,
Ndoziva kuti Jesu wandida.

4. Mwoyo wangu uno Muyamuri,
Ndinotenda Jesu Mununuri,
Zvino ndinogomubatirira,
Nokuti ndonzwa Jesu wandida.

1. AMAI navana
Vauya kuna Jesu,
Vadzidzi vavadzivisa
Vachiti, “Ibvai!”
Asi Jesu haabvumi
Wati kuna vakukutu,
“Regai vaduku musavarambise”.

2. Ndinovagam’chira,
Ndinogovafungata,
Ndichava mufudzi wavo,
Musavarambise;
Ndinoda vaduku vose
Vagare upenyu neni
“Regai vaduku musavarambise”.

3. Jesu wakapfava,
Wakavaropafadza,
Nyamba zviuru zvevana
Vasati vamuziva;
Havana matama ake,
Havanzwe kuti wadaro,
“Regai vaduku musavarambise”.

4. Tinokuteura
Kuti marudzi ose
Asiye vamwari vavo
Auye kwauri.
Uvavhenekere, Mwari,
Uve navo noupenyu,
Uvadzidzise vauye kwauri.

1. NDIROPAFADZE Jesu,
Dzidzisa mwoyo wangu;
Ndoda mwoyo muchena
Mufudzi, ndichengete.

2. Ndiri muduku asi,
Wakadaidza vose;
Ndipe zvokudya zvangu,
Mufudzi, ndichengete.

3. Ndiyamure M'ponisi;
Handina simba ini:
Ndinotenda kwauri:
Mufudzi, ndichengete.

4. Ndiyamure M'ponisi;
Handina simba ini:
Ndinotenda kwauri:
Mufudzi, ndichengete.

5. Handidi kutsaukana,
Ndoda kugara newe;
Panzwimbo yakanaka;
Mufudzi, ndichengete.

1. JESU , unoshevedza vaduku,
Ndinouya;
Bata ruoko rwangu norwako,
Muponisi
Nditungamire kana ndotsauka,
Ndabatwa naSatani muvengi.

2. Ndinofunga kuti tsoka dzako
Dzakanaka;
Dzanga dzichifamba pane nzira,
Nzira yangu;
Iwe wanga uchiri mucheche,
Wakavakudza vazvari vako.

3. Jesu ndipe mwoyo wokufunga,
Muponisi;
Somwoyo wako mwoyo michena
Gara neni
Shure kwezo ndinogokuziva,
Ndinogokura nokuchenjera.

4. Ndinogokurumbidza, M’ponisi,
Misi yose;
Pakutamba napabasa rangu,
Ndichaimba.
Ndiyamure pakuedzwa kwangu,
Ndidzidzise yose mirau yako.

1. NHASI ndinofara ini
Nairo ropa rangu;
Vashamwari munodini?
Ngatifare neniwo.
Ishe ndinokurumbidza,
Iwe wandidzidzisa:
Ndogogona kuakunda
Ose magwaro angu.

2. Kana ndiri muchikoro
Zvakanaka kwandiri
Kana ndapinda musvondo
Ndinofara zvikuru.
Ishe ndinokurumbidza,
Iwe wandidzidzisa:
Ndogogona kuakunda
Ose magwaro angu.

3. Kune ino nyika yedu
Magwaro hatizivi:
Vanga vagere vadzibaba
Rufaro vasinarwo.
Ishe ndinokurumbidza,
Iwe wandidzidzisa:
Ndogogona kuakunda
Ose magwaro angu.

4. Ngandigare ndichitenda
Nairo ropa rangu,
Kudzamara kupera
Kugara pano kwangu.
Ishe ndinokurumbidza,
Iwe wandidzidzisa:
Ndogogona kuakunda
Ose magwaro angu.

1. NDOUYA kuna Jesu,
Anondifarisa,
Ane tsitsi neni,
Panhamu yangu.

Korus
Ndouya kuna Jesu,
Ndinogofara,
Anoshevedzera
Vaduku seni.

2. Ndouya kuna Jesu,
Anonzwa kwandiri,
Anondida kwazvo,
Wandiyamura.

3. Ndouya kuna Jesu,
Anondibatsira,
Anditungamire
Kunyika yake.

4. Ikoko kudenga
Ndichava mutsvene,
Ndichaona Jesu,
M'ponisi wangu.

1. CHIRIKO chikomo kure
Kunze kwoyo musha,
Paakaroverwa Ishe,
Paakatifira.

2. Hatizivi isu vanhu
Kurwadza kwakadii;
Wakarembera pamuti
Nenzira yavanhu.

3. Wakafa kuti tipone,
Tive vakanaka,
Kuti tiende kudenga,
Tiponeswe naye.

4. Pakanga pasina mumwe
Wokutinunura,
Ndiye wakava nesimba
Kutipinza denga.

5. Jesu wakatida isu
Tisati tamuda,
Takafanira kutenda
Nokumuda kwazvo.

1. MUFUDZI ndiropafadze,
Ndiri hwayana yako;
Ndichengete pausiku,
Kudzamarare mangwana.

2. Wandiperekedza nhasi,
Ndokutenda maurano;
Wakandipa imba yangu,
Wakandipa nokudya.

3. Ndiregere zvakaipa,
Fadzisa hama dzangu;
Ngandiendeko kudenga,
Pandinoda kugara.

1. NDOZVIISA pana Jesu
Zvakaipa zvangu;
Anonditakurira,
Mutoro mukuru:
Ndouyisa kuna Jesu
Mhosva dzangu dzose,
Ndinoda kushambidzwa,
Nditsveniswe kwazvo.

2. Ndokumbira kuna Jesu
Zvose zvandashaya,
Anorapa zvirwere,
Anondinunura.
Ndouyisa kuna Jesu
Dambudziko rangu,
Anondisunungura
Tinogoverana.

3. Nozorora pana Jesu
Mweya wakaneta,
Ndorinda zvakanaka
Pachipfuva chake;
Zvikuru ndinomuda
Jesu Kristu Ishe;
Ndiye Mufudzi wangu,
Ndiye Muyamuri.

4. Ndoda kuva saJesu,
Wanga akapfava,
Ndiye mwana mutsvene,
WaBaba kudenga.
Ndoda kuva saJesu,
Ndoda kudzidziswa
Ndigomukurumbidza,
Pamwe nengirozi.

x8

1. MUMWE ariko pam'soro:
Anotida!
Rudo rwake rwakakomba:
Anotida!
Hama dzedu dzinotiza,
Dzimwe dzinotitambudza;
Haana kutinyengedza:
Anotida!

2. Kumuziva ndoupenyu:
Anotida!
Watipa zvinhu zvose:
Anotida!
Tanga tiri kure naye,
Wakatitenga neropa;
Wakatiisa kudenga:
Anotida!

3. Jesu ndishamwari wedu:
Anotida!
Anoda kutifadzisa:
Anotida!
Mwoyo yedu inomuda
Yoda kushovedzwa naye,
Zvirokwazvo nechokwadi:
Anotida!

4. Toregererwa zvakaipa:
Anotida!
Togokunda hondo dzedu:
Anotida!
Anotipa zvipo zvose,
Anoda kutinakira,
Achatipa noutsvene:
Anotida!

1. WATI iwe Baba wedu
Kuvasika kwako vanhu,
Wasika vari vaviri
Murume nomusikana.

2. Wariburitsa iro ‘zwi
Rimire nanhasi uno,
Munhu ngaachisiya baba
Agare nomukadzi wake.

3. Naivava vatsva vedu,
Murume nomusikana,
Vauya kusvitswa pano
Seyo tsika yezvi rako.

4. Vaitei vave vamwe
Nokubvuma nokuita:
Vati nokugara kwavo
Vayamurane nokuda.

5. Vape simba rinokwana,
Vaibate nzira yako,
Namakore avo ose,
Vachengete mirau, Baba.

1.MUKA , mweya wangu, famba,
Enda kundoita basa;
Rasa nungo dzako, muka,
Inguva yokuteura.

2. Mazuva akapfuura
Nungo dzako, dzakanyanya;
Simuka nhasi chenjera
Kana Mwari achiuya.

3. Taurai mazwi akanaka,
Imba pamwe nengirosi,
Dzinoramba dzichiimba,
Dzinokurumbidza Mwari.

4. Rukurumbidzo ngaruve
Kwauri Ishe kudenga:
Wandichengeta usiku
Wandipamhidzira simba.

5. Ndauyazve kuzopika,
Tive nechitenderano,
Tanda zvakaipa zvangu,
Ndizadze noMweya wako.

6. Tungamira musi uno
Mabasa andinoita:
Nezvifungo namatama
Ndikunamate nazvose.

7. Imi mose pane nyika,
Nemiwo muri kudenga,
Kurumbidzai Mwari wenyu,
Mwanakomana noMweya.

1.MUMWE musi ava mauro,
Varwere vakaungana,
Panyasi paJesu Ishe,
Vakaenda norufaro.

2. Nanhasi isu tauya,
Toswedera nezvirwere;
Mumhu wako hationi,
Toziva kuti urimo.

4. Tanda dambudziko redu;
Vamwe vairwara kwazvo;
Vamwe havati vakunda,
Vamwe vakarasa rudo.

5. Vamwe vakaneta pano,
Vakashaya ruyamuro;
Vamwe vane hama dzavo,
Dzinovatambudza kwazvo.

6. Vose vanoda rufaro,
Vanoda noruregerero,
Navatendi vanoziva,
Mwoyo yavo yakaipa.

7. Kristu iwe uri munhu,
Wanga waidzwa zvikuru,
Meso ako anoona,
Zvatinotsvaka kuvanza.

8. Simba rako richigere;
Unogona Kuponesa;
Tinzwere tsitsi maur’ano
Tiponise Mwari tose.

1.MANGWANANA zvinhu zvose
Zvinotenda Ishe iwe;
Iwe uno'penyu hwose
Nesu takachengwa newe.

2. Iri zuva rinobuda
Richafamba nzira yaro
Iri rinotirevera
Rinoti uri'she waro.

3. No'yu musi wakauya
Wava nokuedza kwawo;
Uyu nawo unoreva,
Unzi uri muiti wawo.

4. Namatenga akakomba
Amire neminamato,
Ayawo anodzidzisa
Achiti uri muchengi.

5. Zvose zvinhu zvatarira
Iwe kose kudya kwazvo;
Zvenge zvinokukumbira
Kwauri Musiki wazvo.

6. Tinogoti Baba wedu,
Tikutende tikukudze,
Iwe M'sununguri wedu,
Newe Mweya Mutsvene.

1.NDINOKURUMBIDZA iwe,
Mwari mukuru maura’no
Ndivhumbatire sehuku,
Nawo mapapiro ako.

2. Ndiregerere Jehovha
Nenzira yaJesu Kristu
Zvose zvakaipa zvangu
Zvandaita musi uno.

3. Ndidzidzise iwe Mwari,
Ndigere pano panyika,
Ndisingatyi kufa uku
Kunouya mumwe musi,

4. Mweya wangu ngaugare
Uve newe pane rima
Ngandirinde zvakanaka
Kuti ndimuke nesimba

5. Ndichazviisa kwauri,
Ndichengete Mwari wangu;
Kana kuchiuya kufa,
Ndipe imba yakanaka.

6. Ndinoda kuzvirongedza,
Ndigare nomwenje wangu,
Nomwenje wakabatidzwa,
Ndimirire Ishe wangu.

7. Imi mose vapanyika,
Nemiwo muri kudenga,
Kurumbidzai Mwari wenyu,
Mwanakomana noMweya.

1.ISHE iwe Wakandichengeta
Masikati zvandakaremerwa,
Uve neni zvakare usiku
Gara neni zuva zvaradoka.

2. Kana mwoyo wangu uchichema
Izwi rako rinondifarisa;
Ndipe izwi roruropafadzo,
Ruropafadzo rwokunyaradza.

3. Kana iwe wandisiya ndiri ndoga
Ndava nomwoyo mutema Ishe,
Kana iwe uri pamba yangu,
Ndinenge ndadya kutsvene.

4. Kana uchinditara mauro ano
Ndaropafadzwa Jehovha Ishe;
Kana ndinewe zuva ravira,
Handidi chimwe chondikonesa.

5. Uya Ishe kuzogara neni,
Shure kwebasa remasikati,
Uya undipe rufaro rwako,
Noruponeso nemabumudzo.

6. Sunga maronda, rapa zvirwere.
Zvauya kwandiri musi uno;
Kuti Ndirege kugungudzika,
Ndizorere pane mwoyo wako.

*— no hymn at this number —*

1.MWARI Baba uve nesu,
Utichengete maur’ano
Uve nesu vana vako,
Parima tivhenekere.

2. Muponisi tiregere
Zvose zvakaipa zvedu;
Tisunungure maur’ano
Parima tivhenekere.

3. Mweya uya uve nesu,
Tive vatsvene maur’ano,
Mwoyo yedu musha wako
Parima tivhenekere.

4. Mwari vatatu nomumwe,
Chishamiso chokudenga
Tidzidzise zvinhu zvose.
Parima tivhenekere.

1.MUPONISI tinokurumbidza;
Rwiyo rwokupera tinoimba;
Tomira pakupedzwa kwebasa,
Topfugama, Utiropafadze.

2. Tipe ruregerero iye zvino
Toenda tose kudzimba dzedu;
Chengeta miromo nayo mwoyo
Inokunamata pano nhasi

3. Tipe ruregerero pausiku,
Tivhenekere tose murima,
Tichengete iwe M’fudzi wedu
Kurima kuch’edza utione.

4. Tipe ruregerero, Mwari wedu.
Zvinozvino namazuva ose,
Kana tafa pakudenga kwako,
Tipiwe newe nzwimbo kudenga.

1.GARA neni izuva radoka;
Rima rinosvika; gara neni!
Vamwe vayamuri vakatadza,
Ishe muyamuri, gara neni.

2. Ndinokutsvaka nenguva dzose;
Ngoni dzako dzakunda muidzi.
Unoziva kunditungamirira;
Parima, pachena, gara neni.

3. Handityi kana uri pedyo;
Nhamu hairemi, handichemi:
Handine nhamu naiko kufa.
Ndokunda kana ugere neni.

4. Ndiratidze, Iwe uri woga;
Ndivhenekere kuti ndione.
Kuedza kunogouya zvino;
Mu'penyu murufu, gara neni.

1.UTIROPAFADZE , Mwari,
Enda nesu kudzimba;
Tichafunga dama rako,
Tichirirangarira:
Tinyaradze isu tose;
Simbisa mwoyo yedu
Kana tasvika kudenga,
Tichakukurumbidzai! Ameni.

1.NGONI dzaKristu M’ponisi,
Rudo rwaBaba vedu,
Nokuwadzana koMweya,
Kuve nesu kwedenga!
Sezvo tose togarisana
Mumwe nomumwe, Ishe;
Mwoyo yedu inofara,
Nenguva dzose dzedu,
Amen.

1.SIMUKAI Jesu
Hondo dzake imi,
Simudzai muchinjikwa
Urege kuparadzwa,
Kukunda nokukunda
Tinotungamirwa
Kubvisa zvakaipa
Pane nyika yose.

Korus
Musimukirei
Hondo dzake imi
Simudzai muchinjikwa
Urege
Urege kuparadzwa.

2. Simukirai Jesu
Anotidaidza,
Kuenda kunorwisa
Zvinhu zvakaipa
Ngatimunamatei;
Varipo vavengi,
Tirwise nesimba
Ngatiseke ngozi.

3. Simukirai Jesu
Simba rake rose
Maoko enyama
Anozotadzisa,
Shongedzwai naKristu
Tarisa kwazvo,
Panhamu Zvimwe ngozi
Tichaita basa.

4. Simukirai Jesu
Kurwisa kopera,
Nhasi bishi rehondo
Mangwana toimba,
Kana tinozokunda,
Tinowana ngundu,
Nokugara namambo
Nokusingaperi.

1.NDIANI pane zamba
Vafudzi vopfugama?

Korus
Ndiye Jesu zvoshamisa
Ndiye mambo wokudenga
Topfugama kwaari,
Mutunidzi ndiMwari.

2. Ndiani ane nzara
Pasango ari oga?

3. Ndiani akapfava
Nedama rakanaka?

4. Ndiani anorapa
Vose vanorwadziwa?

5. Ndiani anochema
“Razaru buda muguva”?

6. Ndiani vokwazisa
Nedzimbo nokufara?

7. Ndiani ateura
Pausiku mumunda?

8. Ndiani atifira
Pam’soro pam’chinjikwa?

9. Ndiani anomuka
Isu kutinunura?

10. Ndiani pakudenga
Anotonga nesimba?

1. MTSVENE , m’tsvene, m’tsvene!
Mwari Samasimba!
Tinomukumbira pamangwanani ese,
M’tsvene, M’tsvene, m’tsvene,
Mune nyasha huru,
Umwe vatatu pamwe chetezve!

2. M’tsvene, m’tsvene, m’tsvene!
Vese vanodaro,
Vakahwararira pamberi penyu Mwari:
M’tsvene, m’tsvene, m’tsvene!
Vanomunamata
Mwakange muri, munozovazve!

3. M’tsvene, m’tsvene, m’tsvene!
Hatizomuoni,
Mbiri yenyu huru panyika nokudenga:
M’tsvene, m’tsvene, m’tsvene!
Muri m’tsvene chete,
Mwakanaka mwakachenazve!

4. M’tsvene, m’tsvene, m’tsvene!
Zvese zvakasikwa
Zvinokudza imwi, mukuru kune vese:
M’tsvene, m’tsvene, m’tsvene!
Mwakaruramisa,
Mwari mupenyu nemusikizve!

1. TENZI , taungana muno mumba yenyu,
Uyaiwo zvatapinda, Tenzi mberi
Kweyu
Iyo mwoyo yedu inomuchemera.
Neyi mweya yedu, Tenzi, inomutarira.

2. Baba, ngatizive kuti muri pano
Ngatirinzwe izwi renyu, razarurwa ndimi.
Tigadziriréyi isu vanhu venyu,
Kuti tafa mutipinze kune musha wenyu.

1. BABA wedu tinofara
Kuva pano nyamusi,
Mumba yenyu nzvimbo tsvene,
Kumukudza Mambo wedu:
Zviro zvese zvakanaka
Zvinopiwa kunesu,
Kuti tese timudise
Nekufara zvikuru.

2. Mangwanani neusiku
Tinomupa zvitendo
Nezvekudya nezvekunwa.
Nemachira akanaka:
Misi yese tinotenda
Ngekudzidza zvizhinji
Nekukana kwakapera.
Tese takomborerwa.

3. Tinokoya ndimwi, Jesu,
Hamusakambotadza.
Hamusakatitadzira,
Nguva dzese munotendwa
Muri idi, muri nzira,
Munovakomborera
Vese avo vanomuda
Nekumuteerera.

4. Ndizvo tinomukumbira
Kuti tisandurenyi
Tide zviro zvakanaka
Nekuvenga zvakaipa;
Baba M’tsvene, tinodisa
Rudo rwenyu rwakanaka,
Uwo rwakatifira.

5. Zvino pane nyika yedu
Yozonaka zvikuru,
Ruvheneko rwazosvika
Vanhu vose vapfumiswa
Runyararo rwakauya,
Zvino tava kugara
Ngerudano neukama,
Tina Baba umweyo.

1. BABA wedu mwakazviita,
Mwakatipa Muponesi,
Murumbwana wenyu umwe,
Kuti atipangidzire
Nzira yekudenga renyu.

2. Kuti tichikarakadza
Ngevabari vedu kare,
Vaitambudzika diko
Ngekushaya nguva yokudya
Pfumvu, nhamo, nzara hayo.

3. Havasaiziva Mwari
Kana Murumbwana wake
Havasakamuombera,
Vakagara mune dima
Havasakaona mwenje.

4. Zvino isu tinotenda
Tiri vana venyu Baba,
Vanomuombera kwese,
Uko tinofamba isu,
Tine muchengeti, Jesu.

1. Mukovi wazvo zviro zvose
Tendanyi imwi, mwakasikwa,
Mugere pane iri pasi.

2. Tendanyi, imwi Ingirosi,
Dzigere kuna Baba wedu,
Tendanyi Baba, Murumbwana,
Nekune Mweyawo Mutsvene.

*— no hymn at this number —*

1. RADOKA zuva, garai neni, Tenzi
Dima rasvika, Tenzi, gara neni,
Panguva yokurara ino, Baba
Ngandikotseke nekusingaperi.

2. Ngandimutsvake nguva dzese, Tenzi,
Ngetsitsi dzenyu dzakazondipfuwa,
Ngetsitsi dzenyu ndakapiwa zvese,
Mudima guru, garai neni, Baba.

3. Handichakutyi kuipa, Baba wangu,
Handina nhamo kana neurombo,
Nerufu harutyisi mweya wangu,
Mudima guru, garai neni, Baba.

4. Ngandipangudzwe nzira yakanaka,
Chenanyi, Tenzi, mune mwoyo wangu,
Kuedza kwenyu ngakudzinge dima,
Mudima guru, garai neni, Baba.

5. Upenyu hwedu hunopfupisiswa,
Rufaro rwedu rwuchapera pasi,
Zvese zvepasi zvichatsakatika,
Mudima guru, garai nei Baba

1. ZVINO kwakuparadzana,
Munawanga imwi mwese,
Mwari amukotse mwese
Nekumupa nyasha dzake.

2. Zvino, Tenzi tinotenda,
Mwatikomborera muno,
Tinoenda tine simba,
Tinofara nemwi zvino.

3. Zvino ta'a kubuda muno,
Fambai nesu kwese kwese,
Garai nesu nguva dzese,
Simbisanyi vanhu venyu.

4. Ngatifambe mukunaka,
Ngatiite vanhu kwavo,
Tiri umwe kuna Kristu,
Mwari ndiye Baba vedu.

5. Izwi renyu raparidzwa,
Ratigutsa zvakakwana,
Idi rese tagashira,
Tinoita zvorareva.

6. Tinokudza imwi, Tenzi,
Nzeve dzedu dzanzwa, Baba
Taburirwa izwi renyu,
Toda mwoyo inokotsa.

7. Tinotenda, Mwari Baba,
Muri mudzidzisi wedu,
Tinomutevera nhasi
Nemazuva achauya.

1. IMWI , muri Mwari mwenga,
Hamusakasikwa
Hamuchazogumi, kwete, nekusingaperi,
Mwari, muri umwe chete, umwe
mu Vatatu
NeVatatu vari umwe, muri mweya wedi.

2. Mwari, hatizivi, kwete, ngeUtatu
Ndimwi muri Baba wedu, tiri vana nenyu
Hatizivi zviro zvese zvinozihwa ndimwi
Garegare tichaziva ngeukuru hwenyu.

1. MWARI Mambo wevamambo
Tenzi wevatenzi vese,
Ane dendemaro rake,
Anotonga vanhu vake.

2. Mwari anoona vese
Vadzimambo nevatongi
Anokomborera avo
Vanoita kururama.

3. Vadzimambo kwese kwese
Avo vanokudza Mwari
Vanofadza vanhu vavo
Vanozosimbiswa ndiye.

4. Tisashora Mwari wedu
Kana vadzimambo vake
Anozovatonga hake
Kuda kwake kwakanaka.

1. MWARI hweutsvene
Kune nyika iri kure,
Yakajeka nyeredzi yaTenzi,
Chioniso chaMwari wediko
Iyo Tenzi wabarwa,
Iyo kwabarwa Mesiya.

2. Baba wake wakashama,
Mai wake wakafara,
Mwana wavo M'ponesi wevanhu
Wakakudzwa zvikuru ndiMwari.
Pasi pese chifarai
Mwari wazotishanyira.

3. Mune danga radzo n'ombe
Wakabarwa mwana mutsva,
Ndiye mwana waMwari mupenyu,
Ndiye rudo rwaBaba kunesu.
Ndiye mudi wevanhu,
Nemudikani wevese.

1. UYANYI , maKristu, uyanyi nerufaro,
Uyanyi, muone mupwere
ndiMambo
Uyanyi tiende kuBetrehema musha
Uyanyi, nesu nhasi, tiimbe kuna Mambo.
Uyanyi, nesu nhasi, tikudze M'ponesi.

2. Wabarwa nyamusi mumusha waDavidi,
Mupwere mutsvene, M'ponesi wevanhu
Maria ndiMai wake, Mwari ndiye Baba,
Uyanyi nesu nhasi, tiimbe kuna Mambo
Uyanyi nesu nhasi, tikudze M'ponesi.

3. Fambanyi vacheche, fambanyiwo
vapwere
Fambanyi vakuru, kokudza M'ponesi,
Tinoda kuona wabarwa ngechitsidzo,
Uyanyi, timukudze, wabarwa Mambo
wedu,
Uyanyi nesu nhasi, tikudze M'ponesi.

1. M'PONESI Wakaita mabasa misi yese,
Neniwo ndinodisa kubata basa rangu,
Rufaro runouya ngebasa rinonetsa,
Ngekuti tinokudza M'ponesi wedu,

2. M'ponesi wakaita shamwari kune vese,
Neniwo ndinoedza kuita zvakadaro.
Kufara kubatsira varombo nevarwere
Zvo Jesu akaita kuvanhu achipasi.

3. M'ponesi Wakaita semubatsiri iye,
Neniwo ndinodisa kuita kunga iye,
Kuita mubatsiri weavo vanonetswa,
Zvo Jesu akaita achiri pasi pano.

4. Jehovha wakasika neropa rimwe basi
Marudzi ese ese azere pasi pese,
Ndizvozvo ngatigare sehama zvakanaka
Kubatsirana tese zvoJesu akaita.

5. Ndizvozvo hama dzangu, ngative vanhu kwavo
Ngekuti Tenzi wakanga ari kwaye.
Nepasi rinodisa vazhinji vakadaro,
Kuita basa ravo kukomborera vanhu.

1. MWATAKURA kuipa Jesu,
Kusi kuipa kwenyu,
Mwakaripa mhosva, Jesu,
Isi mhosva, yenyu.

2. Muri Jesu, mune tsisi,
Hamatadzi, imwi,
Raparara ropa renyu,
Mwakanaka imwi.

3. Kushaisha kwedu kwese
Kunozihwa ndimwi,
Nezvitadzo zvedu zvese
Zvakanyorwa ndimwi.

4. Taponeswa zvakaipa
Ngezvirwadzo zvenyu,
Tacheneswa zvakaipa
Ngero ropa renyu.

1. PATYO nem’chinjiko ndipo ndinogara
Kuwombera imwi, Muponesi
wangu.

Korus
Patyo, patyo nem’chinjiko wenyu
Kunobuda pano mvura youpenyu.

2. Patyo, nem’chinjiko, ndinogara hangu,
Mvura nemaropa zvinobuda pano.

3. Patyo, nem’chinjiko kune simba,
Pano ndinopiwa mweya woupenyu.

4. Patyo, nem’chinjiko, pakanaka pano
Kusimbiswa ndimwi, Jesu Tenzi wangu.

1. PAMUCHINJIKO paKalvari
Ndinoona M’chinda uyu wokudenga
Wakazvipira pam’sana pangu,
Mwari wakandionesa rudo rwake.

2. Musandirege, Mufiri wangu,
Kuti ndizvikudze asi ndimukudze
Zviro zvepasi nepfuma yazvo;
Ndinoshora izvo zvinorwadza imwi.

3. Wonai musoro waTenzi wangu
Nemaoko nemakumbo nerutivi,
Anowerera maropa ake
Rudo runondishamisa, ndinotenda.

4. Ndinomupenyi ngerudo rwenyu?
Kana ndine pfuma dzese hadzikwani,
Torai upenyu, M’ponesi wangu.
Torai mwoyo wangu, torai zvese zvangu.

1. KRISTU Tenzi wakamuka, Haleluya!
Ingirosi dzinoimba, Haleluya!
Vanhu vanopindurawo, Haleluya!
Vese vachiimba pamwe, Haleluya!

2. Jesu wakamuka Mambo, Haleluya!
Wakapedza basa rake, Haleluya!
Wakakunda guva rake, Haleluya!
Wakatikundira rufu, Haleluya!

3. Guva harichina simba, Haleluya!
Buwe rakamburumbutswa, Haleluya!
Kristu wakabuda umwo, Haleluya!
Wakakwira denga rake, Haleluya!

4. Zvino tinotenda kwazvo, Haleluya!
Kuti nesu tichamuka, Haleluya!
Takasikwa kunga iye, Haleluya!
Tinomutswa zvakadaro, Haleluya!

5. Kristu Tenzi wakamuka, Haleluya!
Wakakunda kufa kwake, Haleluya!
Wakakwira kune denga, Haleluya!
Anogara kuna Baba, Haleluya!

6. Vanhu vese ngavaimbe, Haleluya!
Ngavapururudze Mambo, Haleluya!
Ndiye wakatiunzira, Haleluya!
Ruponeso rwakakomba, Haleluya!

1. INGIROSI dzinoimba,
Dzinokuwa nokufara,
Denga rese rinofadzwa,
Mazambara azarurwa;
Jesu Mambo wakauya,
Tenzi wevatendi vese;
Haleluya kuna Jesu!
Haleluya kuna Mambo!

2. Jesu watokwidzwa denga,
Ane mbiri yakakomba,
Matomupa simba rese;
Wonai ari pachigaro,
Jesu anotonga ega;
Haleluya kuna Jesu!
Haleluya kuna Mambo!

3. Jesu watokwidzwa denga,
Kuna Baba wake iyo,
Basa rake pasi pano
Rakapera zvakanaka;
Zvino ari kutunhidzwa
Ngevatsvene vekudenga;
Haleluya kuna Jesu!
Haleluya kuna Mambo!

4. Jesu watokwidzwa denga,
Zvino watogadzwa Mambo,
Anotonga nechisepe,
Mambo wedu wakanaka;
Ngatikudze zita rake;
Haleluya kuna Jesu!
Haleluya kuna Mambo!

1. MWEYA M’tsvene muri Mwari,
Ndinotambudzika,
Mwoyo wangu unochema,
Ndinomuda zvino.

Korus
Ndizadzenyi, ndizadzenyi
Uyai, Mweya zvino,
Pindai mwoyo wangu, Mweya,
Kuti ndisimbiswe.

2. Ndine nungo zviro kwazvo,
Ndinoshaya simba,
Asi mukandisimbisa,
Ndinokunda zvese.

3. Ndinoziva basa renyu
Kuti rakanaka,
Munotungamira vese
Vanomuteera.

4. Kuti ndichitungamirwa
Handichawi pasi,
Handichamusiyi Baba,
Kana nzira dzenyu.

5. Nzira dzenyu dzakanaka,
Dzine ruvheneko,
Dzine zano rokufamba
Zvakanaka kwazvo.

6. Muri mubatsiri wangu,
Mutendeki kwaye,
Avo vanomutevera
Vanokomborerwa.

1.UYAI , Mweya wakachena,
Uyai kwangu nhasi imwi;
Mune tsitsi dzakawanda,
Ndipei Mweya wenyu imwi.
Ndidzidzisei rwiyo rumwe
Rwiyo rwengirosi dzenyu,
Ndinofara ndaponeswa,
Ndizvo ndinomuimbira.

2. Ngerubatsiro rwaMwari,
Ndaapano zvino nhasi,
Kuti ndichifadza imwi,
Ndingasvika iro denga;
Jesu wakanditsvakisa
Handisakambomuziva
Akapira ropa rake
Kuti ndive noupenyu.

3. Nyasha dzenyu ndogashira
Misi yese youpenyu,
Mwoyo wangu wakaneta
Unodisa kuponeswa;
Unonyanya kutizira
Kune uyo ane nyatwa;
Torai mwoyo wangu, Baba,
Muuite wakanaka.

1.NHASI ngatimutondere,
Uyo wakatifira vese,
Ari kudaidza vese,
Anovada zvirokwazvo.

Korus
Uyai zvino, uyai zvino,
Uyai zvino kuna Jesu.
Musamire uyai zvino
Nguva yakanaka zvino.

2. Zvimwe mwakafamba kure
Kubva nzira yakanaka,
Jesu anosunungura
Kuti muchitenderuka.

3. Jesu anondisa avo
Vanochema ngezvitadzo,
Avovapa mwoyo mitsva
Anoita vana vake.

4. Tambirayi chipo chake,
Munopiwa ruponiso,
Tambiranyi Runyararo
Nerufaro rwakanaka.

1.MURAPI ari pano, chiremba wokudenga,
Wauya pasi pano korapa mwoyo yese.

Korus
Zita rakanaka, ngatimuimbire,
Ndwiyo dzeupenyu Jesu Tenzi wangu.

2. Zvitadzo anobvisa, izwanyi izwi rake,
Fambanyi zvakanaka, muite kuda kwake.

3. Hapana rimwe zita kunaka kunga Jesu,
Radzinga kutya kwangu, ndokudza zita rake.

4. Vacheche nepwere vanoda zita rake,
Vanonzwa izwi rake, vanoda basa rake.

5. Uyanyi, vashamwari, kudzanyi zita rake,
Tauranyi ngerurimi zvikomborero zvake.

6. Kudenga tikasvika, tichazoona Jesu,
Nekuimbira Jesu, navanhu vekudenga.

1.MUNOITA wani imwi,
Muri kufirenyi, vanhu?
Mwari wenyu, ndinomuda,
Ndinomuda vanhu vangu;
Mwakasikwa ndini mbune,
Ngechisepe ndinomuda,
Uyai ndinomugashira,
Mune nzwimbo dzenyu kuno.

2. Munoita wani imwi,
Muri kufirenyi, vanhu?
Muponesi anobvunza,
Muri Kundirasireyi?
Ndakamutambudzikira
Kuti mwese muponeswe;
Zvino mwondiramba ngenyi?
Ndinomuda uyai henyu.

3. Munoita wani imwi,
Muri kufirenyi, vanhu?
Musapfiga mwoyo yenyu,
Regai mweya apindemwo;
Mwaudzwa karekare,
Munononokerenyiko?
Jesu anomuda asi,
Zaruranyi mwoyo yenyu.

4. Munoita wani imwi,
Muri kufirenyi, vanhu?
Ndiri kudaidza imwi
Kwupenyu hwekudenga;
Pindukanyi vanhu vangu,
Rasai zvakaipa zvese.
Swederanyi kuna Jesu,
Munosunungurwa ndiye.

1.URI Kutambudzikirenyiko?
Zviudze Jesu, zviudze Jesu,
Muponesi anokuponesa,
Zviudze Jesu nyamusi.

Korus:
Zviudze Jesu, zviudze Jesu,
Ndiye shamwari nehama,
Hakuchina umwe wakadro,
Zviudze Jesu nyamusi.

2. Misondzi ngeyenyiko hama?
Zviudze Jesu, zviudze Jesu,
Munyaradzi anokunyaradza,
Zviudze Jesu pachako.

3. Uri kutya dambudziko here?
Zviudze Jesu, zviudze Jesu,
Uri kutya remangwana here?
Zviudze Jesu nyamusi.

4. Uri kutya rufu here, iwe?
Zviudze Jesu, zviudze Jesu,
Uyo Jesu, zviudze Jesu
Uyo wakakunda rufu rwake,
Anozokupa rukundo.

5. Unoshaya anotungamirira,
Zviudze Jesu, zviudze Jesu,
Mweya M’tsvene ndiMutungamiri,
Zviudze Jesu, nyamusi.

1.INZWA mweya wangu, Muponesi
Wako,
Ari kuti zvino “Unondida here?”
Zviro zvese pasi zvinotsakatika,
Asi rudo rwangu haruzopinduki.

2. “Kuti ukarasa rudo rwakadaro,
Unoraswa ndini, unochema kwazvo;
Une nguva zvino, ita munhu kwaye,
Kuti uchiramba une pfumvu huru”.

3. “Hauzivi here kuti zvakanyorwa,
Kuti vanotenda vachatonga pasi;
Kuti wazopedza basa rako pano,
Uchatonga neni pachigaro changu.”

1. WAGADZIRA nhasi here
Nzwimbo yake Muponesi
Yekugara mweya wake?
Wakakumirira zvino.

Korus:
Hunde ndine nzvimbo yake,
Tenzi wevatenzi vese,
Mwoyo wangu ndazarura
Kutambira Jesu Kristu.

2. Mwari wakatisikira
Kuva umba yekugara,
Anotuma Mweya M'tsvene
Kuti azogara nesu.

3. Une nzvimbo yake here,
Uyo wakakununura?
Apo wanga wakaraswa,
Wakauya kokutsvaka.

4. Haunacho chipo kwete,
Kupa kuna Mambo wako?
Asi anofadzwa kwazvo
Kutambira mwoyo wako.

5. Kuti uchimukanganwa,
Ungazoponeswa senyi,
Zvokusina rimwe zita
Reungaponeswa ndiro.

1. UYANYI , mwese mune nyota
Mumwoyo yenyu mururame,
Mwari anopa zviro zvese,
Toranyi zvino ruponeso.

2. Vatendi, muri kudaidzwa,
Uyanyi kuna Baba venyu,
Mupi wemvura inoponesa,
Murege kuzotadza zveba.

3. Uyanyi mwakasununguka,
Mutore henyu hamutengi,
Torai nyamusi ruponeso,
Musatye, anomuda mwese.

4. Uyanyi tizogara nhaka
Yababa wedu wekudenga,
Baba wevese vane zvese
Zvekukovera vanomuda.

5. Jehovha wedu wakanaka,
Hakuna umwe wakadaro;
Ngatimutende, timukudze,
Ngekuti tinotongwa ndiye.

1. UYA hako kuna Jesu,
Uri kudaidzwa ndiye,
Tenda Muponesi wako,
Uitirwe nyasha ndiye.

Korus:>
Rasa hasha dzako dzese,
Ngekuti dzinotungamidza pasi,
Uya kumuponesi wako zvino,
Uitirwe nyasha ndiye.

2. Uya hako kuna Jesu,
Rega kundogara basi,
Muka, uya kuna iye,
Uya zvino pano kwa'ri.

3. Kumbirisa, unopiwa,
Tsvakisisa, unowana,
Kuti uchigugudzira,
Unozarurirwa ndiye.

1.NDINOUYA nemasoko erudo,
Masoko akakomba edi,
Kuti baba wakatida zvikuru,
Anofara kuponesa tese,

Korus:
Munangisei, hama dzangu,
Muna Muponesi zvino,
Uyo anotenda iye apone,
Munangisei, hama dzangu mwese.

2. Ndinouya nemasoko kunemwi,
Masoko akanaka enyu,
Kuti Kristu wakafira vatadzi,
Munangise anomuponesa.

3. Jesu Kristu wakandisunungura,
Upenyu hwake wakandipa,
Ndakatenda izwi rake mumwoyo,
Mweya wangu wakapona ndiye.

4. Nhasi, kuti achimunangisisa
Mumwoyo nokufunga kwese,
Uchiuya kuna iye nerudo,
Jesu Kristu anokuponesa.

<> 5. Kuti uchiramba Jesu M’ponesi
Nerudo rwake rwakadai,
Ungapona senyi musi mukuru,
Musi anotonga vanhu vese.

1.NDOMUTEVERA , Tenzi Jesu,
Ndomutevera, Tenzi Jesu,
Mwakandifira pam’chinjiko,
Imwi muripo wezvitema.

Korus
Ndouya kunemwi,
Ndouya kunemwi;
Ndimi M’ponesi wangu, Tenzi,
Mwakandiona ndakaraswa.

2. Ndomutevera, Tenzi Jesu,
Ndomutevera, Tenzi Jesu,
Ndakashambidzwa ngero ropa,
Rakayerera pam’chinjiko.

3. Ndomutevera, Tenzi Jesu,
Ndomutevera, Tenzi Jesu,
Mvura neropa zvandisuka;
Zvese zvitadzo zvangu zvabva.

4. Ndomutevera, Tenzi Jesu,
Ndomutevera, Tenzi Jesu,
Mwakandibvisa mune pfukwa,
Umwo ndakange ndiri kufa.

5. Ndomutevera, Tenzi Jesu,
Ndomutevera, Tenzi Jesu,
Mwakatambudzikira ini,
Kuti ndizive nzira yedi.

1.JESU Kristu ndiM'ponesi,
Wakatida isu tese,
Wakaunza ruponeso
Kuti tese tiponeswe.

Korus:
Ndiri pano, ndiponesei,
Handichadi zvakaipa.
Ndoda kuva mwana wenyu
Misi yese youpenyu.

2. Jesu Kristu ndiM'ponesi,
Ane rudo kuvatadzi.
Ona ari pam'chinjiko
Kutifira vanyangadzi.

3. Jesu Kristu ndiM'ponesi,
Usagare neurombo,
Uya zvino, uponeswe
Kuti uve nerufaro.

4. Jesu Kristu ndiM'ponesi,
Usazotya, uya hako,
Kana wakatadza senyi,
Uya hako uponeswe.

5. Jesu Kristu ndiM'ponesi,
Kuti uchirasa zvese
Zvakaipa zvako nhasi,
Unogara naye Jesu.

1.OMWARI , ndiri pasi pano,
O Mwari, ndiri pasi pano,
O Mwari, ndiri pasi pano
Kutsvaka nyasha dzenyu.

Korus:
Ndotenda kuna Jesu Kristu,
Ndotenda kuna Jesu Kristu,
Ndotenda kuna Jesu Kristu,
Wondipa ruponeso.

2. Ndisunungurei, Baba, zvino.
Pamsana pake Jesu.

3. Upenyu hwangu hwakashata,
Ndipeiwo mwoyo mutsva.

4. Ndinoda simba renyu, Baba,
Ndigare zvakanaka.

5. Uyanyi imwi Mweya M’tsvene,
Mutungamiri wangu.

6. Rujeko rwangu gara neni
Upenyu hwangu hwese.

1.NDAZWA Tenzi wandidana
(Imbanyi katatu)
Ndochimutevera misi yese.

2. Ndinomupa mwoyo wangu,
Ndochimutevera misi yese.

3. Ndinoita kuda kwake,
Ndochimutevera misi yese.

4. Ndinodzidza nzira dzake,
Ndochimutevera misi yese.

5. Ndinoda izwi rake,
Ndochimutevera misi yese.

6. Ndinokoya izwi rake,
Ndochimutevera misi yese.

7. Ndinomushandira hangu,
Ndochimutevera misi yese.

8. Ndinodisa chechi tsvene,
Ndochimutevera misi yese.

9. Ndinokudza Jesu Kristu,
Ndochimutevera misi yese.

1.NENI handikurasai ngekuti wapinduka,
Kuipa kwasukiwa, chiedza nerufaro,

Korus:
Neni handikurasi, chienda, upembere,
Imba. ukudze, enda usazotadzazveba.

2. Neni handikurasi, ngekuti wadaira,
Hakuna kuraswaba kweavo vanondida.

3. Neni handimurasi, ndakabva kuna Baba
Ngepamusana pako, Ngekuti anokuda.

4. Neni handikurasi, chikudza Baba wako
NeMurumbwana wake neMweya wakachena.

1.RUKURU ruponeso, rwaTenzi wedenga
Rwatengwa ngezvikuru ruchibva pakudenga

2. Rukuru ruponeso, rweavo vakaipa,

Haruna anorambwa aipa senyi iye.

3. Rukuru ruponeso, rwabvisa zvakaipa,
Nemhosva nokutadza nekufa pane mwoto.

4. Rukuru ruponeso kusunungura avo
Vanoda kupinduka ngekuda kuponeswa.

5. Rukuru ruponeso rwatsvenesesa avo
Vanoda Mweya M'tsvene, vanoda rudo rwake.

6. Rukuru ruponeso, ruripo pana Tenzi,
Topiwa ndiye, Tenzi, upenyu hwekudenga.

7. Todinu isu vanhu tikange taruramba,
Topona ngechinyiko, toenda denga nyiko?

1.NGERUTENDO rukuru,
Ngerutendo rukuru,
Ngerutendo rukuru,
Vanhu vanopona ndirwo.

2. Rwakanakira Daniel.
Saka rwandinakira.

3. Rwakanakira Pauro.

4. Rwakanakira Pita.

5. Rwakanakira Dorka.

6. Rwakanakira Ruthi.

7. Rwakanditenderudza.

8. Rwakandipa chisepe.

9. Rwakandipa rukundo.

10. Rwakandipa kuziva.

11. Rwakandipa ungwaru.

12. Rwakandipa upenyu.

13. Rwakandipa rufaro.

14. Runonditungamira.

15. Runondipfawisisa.

16. Runokwidza kudenga.

1.NDAONA rwizi rwakanaka,
Rwakanaka, rwakanaka,
Ndaona rwizi rwakanaka,
Runoshambidza mwoyo.

Korus:
O'Rwizi rwaMwari! Ndogara pano,
Ndoshamba zvese zvakaipa zvangu.

2. Vatadzi vanoshamba umwo,
Shamba umwo, shamba umwo,
Vatadzi vanoshamba umwo
Vanozochena kwazvo.

3. 'Yo mbavha yakafara Icwazvo,
Fara kwazvo fara kwazvo,
"Yo mbavha yakafara kwazvo;
Kuzoshambidzwa ndirwo.

4. Maronda enyu ane simba,
Ane simba, ane simba,
Maronda enyu ane simba
Kundoponesa vese.

5. Ndaona zvino urwo rwizi,
Urwo rwizi, urwo rwizi,
Ndaona zvino urwo rwizi,
Ndazocheneswa ndirwo.

6. Kudenga ndichaimba nemwi,
Imba nemwi, imba nemwi,
Kedenga ndichaimba nemwi,
Ndwiyo dzerudo rwenyu.

1.TORA zita rake Jesu,
Ngeurombo kwako hwese
Rinokupa simba rake,
Rekukunda zvirunziro.

Korus:
Zita rake rakanaka,
Mwenje wedu pasi pano,
Zita rake rakanaka,
Mwenje wedu pasi pano.

2. Jesu ndimurwiri wedu,
Ndiye simba redu rese,
Tinokunda zvakaipa
Ngero zita rake Jesu.

3. Kunzwa zita rake Jesu
Tinonyararidzwa kwazvo,
Tinopfugamira pasi,
Mwoyo inomuwombera.

4. Mwoyo yadziyirwa kwazvo
Kunzwa zita rake Jesu,
Uyo wakatitambira,
Wakaita mwoyo mitsva

5. Iro Zita rake Jesu
Rinotipa runyararo,
Ndizvo ngatiritondere
Nzwimbo dzese tinoenda.

1.HAKUNA hama kupinda Jesu,
Hakunaba, hakuchina.
Hakuna umwe kurapa vese,
Hakunaba, hakuchina.

Korus:
Jesu ndiye shamwari yedu,
Anonatsa kutungamira,
Hakuna umwe kupinda Jesu,
Hakunaba, hakuchina.

2. Hakuna mumwe mukuru zveba.
Hakunaba, hakuchina.
Hakuna umwe mununudziri,
Hakunaba, hakuchina.

3. Hakuna chipo chikuru zveba,
Hakunaba, hakuchina.
Hakuna umwe kurapa mwoyo,
Hakunaba, hakuchina.

4. Hakuna nguva tisingaonwi,
Hakunaba, hakuchina.
Hapana nzvimbo asingazivi,
Hakunaba, hakuchina.

1.HAKUNA zita sera Jesu,
Kana nokudenga,
Hakuna rimwe rakadaro,
Zita raM’ponesi.

Korus:
Tinoda kuimbira Jesu,
Tichimupa mbiri,
Ngekuti hatizivi zita
Rinokunda iri.

2. NdiJesu wakafira vese,
Wakatida kwazvo,
Zvotanga takaraswa zvedu.
Ngezvitadzo zvedu.

3. NdiJesu wakaita nyasha,
Takamukanganwa,
Wakati, “Enda hako mwana,
Usazotadzazve.”

4. NdiJesu wakarapa vanhu,
Akavasimbisa,
NdiJesu wakamutsa vafi
Kune hama dzavo.

5. NdiJesu anoenda nesu
Kwese tinoenda,
NdiJesu anotibatsira
Muupenyu hwedu.

1.MUKRISTU ari mukomborerwi,
Ane M'ponesi mukuru,
Mumwoyo wake anozwa simba,
Ane M'ponesi mukuru.

Korus:
Jesu, Jesu, M;ponesi mukuru, ndinaye
Jesu, Jesu, M;ponesi mukuru, ndinaye.

2. Parwendo rwake rwepasi pano
Ane M'ponesi mukuru;
Watumwa pasi ndiBaba wake,
Ane M'ponesi mukuru.

3. Wafadzwa kwazvo ngezviro zvake
Ane M'ponesi mukuru,
Rufaro rwake haruzoperi,
Ane M'ponesi mukuru.4. Panzira yake kudenga tsvene
Ane M'ponesi mukuru,
Haane chiroba chomutyisa,
Ane M'ponesi mukuru.

5.Mazuva ese panzvimbo dzese
Ane M'ponesi mukuru,
Mudambudziko remwoyo wake
Ane M'ponesi mukuru.

6. Kudenga iro kusingaperi
Ane M'ponesi mukuru,
Anodenyiko kupinda iye,
Ane M'ponesi mukuru.

1.CHINYARARA , mwoyo wangu, Jesu ndiye Mwari,
Zviro zvese zviri pasi zvakasikwa ndiye.

Korus:
Kristu uyanyi, Kristu uyanyi,
Hunde, uyai, Tenzi.

2. Chinyarara, mwoyo wangu, Jesu Mambo kwaye,
Unotenda kuna Mwari, tenda kuna Jesu.

3. Chinyarara, mwoyo wangu, unokomborerwa,
Haugari nguva ndefu, uchasvika denga.4. Chinyarara, mwoyo wangu, Jesu anowaka
Imba yako yakanaka kune denga rake.

5. Chinyarara, mwoyo wangu, Jesu ndiye Mwari,
Kuda kwake kwakanaka, ngakuitwe ndiwe.

1.BABA wedu wakatsidza,
“Ndinokutungamirira”
Kuti usarasikeba
Parwendo kune denga

Korus:
“Ndinokutungamirira,”
Ndinokutungamirira
Pakukwira kune denga.
“Ndinokutungamirira,”

2. Apo unotambudzika,
Nekushaya zano zviya,
Unofadzwa nge’ya mazwi,
“Ndinokutungamirira,”

3. Kuti hama dzako dzafa,
Uchidzichemera kwazvo,
Unafunga aya mazwi,
“Ndinokutungamirira,”

4. Apo unokomborerwa,
Mwoyo wako unofara,
Unadisa aya mazwi,
“Ndinokutungamirira,”

5. Mangwana ese ese,
Unokarakadza iye,
Nechitsidzo chakanaka,
“Ndinokutungamirira,”

6. Apo unobata basa,
Unafunga mazwi ake
Uyo wakakutsidzira,
“Ndinokutungamirira,”

7. Apo unorara pasi,
Paisiku uri wega,
Unatenda aya mazwi,
“Ndinokutungamirira,”

1. NDITUNGAMIRENYI , Baba,
Nditungamirenyi kwadi,
Ndinofara ndiri wenyu,
Ndinomuda nguva dzese.

Korus:
Baba, Baba,
Nditungamirenyi nhasi,
Kuti ndisasiya nzira,
Nditungamirenyi, Baba.

2. Muri bako rakanaka
Mumadambudziko ese,
Ndachengetwa ndiri wenyu,
Ndinokoya rudo rwenyu.

3. Tenzi, nditungamirenyi
Misi yese youpenyu,
Kune nyika yekudenga,
Kune musha wakanaka.

1. JESU ndishamwari wedu,
Mutakuri wakanaka,
Tinokomborerwa kwazvo,
Tine hama yakadai;
Kuti tichimukumbira,
Anofadzwa kupindura,
Anotipa zvakanaka,
Hatichazoshayi chiro.

2. Kuti tine dambudziko,
Kana tine rurunziro,
Hatizovi neurombo,
Tinotenda kuna Jesu;
Hatina imwe hama
Yakanaka kunga iye,
Anoziva vanhu vese,
Mukumbire anokuzwa,

3. Kuti tisisine simba,
Rekuita basa redu,
Jesu anotibatsira,
Anotipa simba rake;
Kana kuti takatukwa,
Tinonyararidzwa ndiye,
Jesu ndishamwari wedu,
Rudo rwake rwakanaka.

1. NAMATANYI , vanamati,
Musanete imwi, kwete;
Kwanga kune shirikadzi,
Haisakaneta iyo.

2. Nhambwe zhinji yakauya
Kukumbira 'yo mutongi,
"Nditongere mhosva dzangu."
Nguva ndefu wakaramba.

3. Gare-gare wakazoti,
"Kana ini ndisingatyi
Mwari kana umwe munhu,
Yandinetsa shirikadzi."

4. "Ndoitonga mhosva yayo,
Pararanyi mhandu dzake,
Regeranyi kumunetsa;
Fara hako, shirikadzi."

5. Jesu wakatakura kuti
Mwari achavapindura
Avo vanomudaidza
Masikati neusiku.

1. KUITA basa rake pano kusi kuda kwedu,
Kumufunga misi yese, kunotibatsira.

2. Kufamba mune nzira iyo Jesu akafamba,
Kuda zviro zvese zvake, kunotibatsira.

3. Kuita rudo kune vese, kunga iye Jesu,
Kuzwa izwi rake dzvene, kunotibatsira.

4. Kufamba naM’ponesi wedu, kushandira vamwe,
Kuremedza zita rake, kunotibatsira.

5. Kuziva dambudzo rake iro risi rake,
Kutya Mwari zvirokwazvo, kunotibatsira.

6. Kuita izvi zvese zviro tiri pasi pano,
Tichisvika denga dzvene, iro taitirwa.

7. Kudenga tinokuwa kwazvo, taponeswa isu,
Kune denga tinofara, nekusingaperi.

1. BABA , ndinoshama kwazvo
Kuti ndidaidzwe ndimi,
Ndakagara muzvitadzo,
Ndikapera kusvipiswa,
Asi hamusakaramwa,
Mwakandidida henyu, Baba.

2. Baba, kunakanyi kwenyu,
Nhamburiko dzakaitwa,
Kunditsvaka pasi pano
Ndakaona ndiri kufa.
Ndikaitwa anopona,
Tenzi ndinomutevera.

3. Kuti mune basa renyu,
Iro ndingakona kuita,
Ndingafadzwa kuriita,
Handozodi mubayiro,
Ndinodisa kushandira
Imwi basi, Tenzi wangu.

4. Ndinotsidza nasi uno
Kumutsvaka misi yese,
Nekumuterera zvese
Izvo munotaurazvo,
Nekutsvaka varasiki,
Tese tizogara nemwi.

1. ITAI , M’ponesi izvo munoda,
Muri muumbi, ndiriwo dongo;
Ndiumbei, Tenzi, sezvo munoda.
Ndakamirira, ndakatiwira.

2. Itai, M’ponesi izvo munoda,
Ndinangisenyi nekundiedza;
Sukai mumwoyo, kuti ndichene,
Ndizofanire denga kumusoro.

3. Itai, M’ponesi izvo munoda,
Ndakakuvadzwa, ngandirapwe:
Simba ngerenyu kuda ngekwenyu,
Ngandisimbiswe Mwana waMwari.

Itai, M’ponesi izvo munoda,
Pisai kuipa kotsai kunaka;
Nditungamirenyi zvakarurama,
Nditambirenyi, Tenzi, ndapota.

4. Itai, M’ponesi izvo munoda,
Ndidzidzisenyi zvese zvaBaba;
Ndigadzirenyi umba kumsoro,
Ndoda kugara nemwi M’ponesi.

1. JESU , muri M’ponesi,
Munopinda zviro zvese,
Pakufamba kwangu kwese
Ngandifambe nemwi, Tenzi;
Patyo nemwi, patyo nemwi,
Patyo nemwi, patyo nemwi,
Pakufamba kwangu kwese,
Ngandifambe nemwi, Tenzi.

2. Handichadi ruzororo,
Handichadi mari zhinji,
Handichadi pfuma zhinji,
Ngandifambe nemwi, Tenzi;
Patyo nemwi, patyo nemwi,
Patyo nemwi, patyo nemwi,
Handichadi pfuma zhinji,
Ngandifambe nemwi, Tenzi.

3. Munditungamire, Tenzi,
Pane nzira dzangu dzese,
Munditore muupenyu,
Ngatifambe nemwi, Tenzi;
Patyo nemwi, patyo nemwi,
Patyo nemwi, patyo nemwi,
Munditore muupenyu,
Ngatifambe nemwi, Tenzi.

1. UNGATORA hako pasi
Nerufaro rwapo rwese,
Ndinotora hangu Jesu
Nerufaro rwake rwese

Korus:
Tsitsi dzake zhinjizhinji,
Dzinokwana kune vese,
Ruponeso rwakakomba,
Runofadza iwe neni.

1. Ungatora hako pasi
Neupfumi hwapo hwese,
Ndinofadzwa ndiye Jesu,
Haazondinyimi chiro.

2. Ungatora hako pasi
Nemichero inorwadza,
Asi ini ndie nhaka
Yeupenyu hwake Mwari.

3. Ungatora hako pasi
Asi unofamba wega,
Ini ndine Muponeso
Ari Tenzi wakanaka.

4. Ungatora hako pasi
Asi harugutsi mweya,
Ndinotenda kuna Jesu
Uyo ane zano rese.

5. Ungatora hako pasi
Uchitadza uchichema,
Asi ndinofara kwazvo
Ndine mubatsiri wangu.

1. MWARI , Baba wangu, Ndinoona vanhu
Vakasiya nzira yenyu. Vaari varasiki;
Garai neni, garai neni
Nekusingaperi.

2. Neupenyu hwangu hwakatsonga kwazvo,
Asi ndinotenda kuti munogara neni;
Garai neni, garai neni
Nekusingaperi.

3. Pasi pano pese, Ndinoona kuti,
Zviro zvese zvichapera, imwi munogara;
Garai neni, garai neni
Nekusingaperi.

4. Vanhu vanobarwa, ivo vanokura,
Asi kufa kuchauya, Baba gara neni;
Garai neni, garai neni
Nekusingaperi.

5. Kuti ndichichema nematambudziko,
Achapera ndichafara, Baba, garai neni,
Garai neni, garai neni
Nekusingaperi.

1. BABA wangu, ndinodisa
Kuva wakadai ndimwi,
Ndinodisa mweya wenyu
Kuti uchigara neni

Korus:
Munoziva nungo dzangu,
Munoziva zvirokwazvo;
Ndiri kukumbira zvino,
Munandipindurawo.

2. Baba, ndinodisa kwazvo
Rutendeso rwakanaka,
Kuti ndinotenda imwi
Nguva dzangu dzese dzese.

3. Baba, ndinodisa kwazvo
Kuva wakatiwa ini,
Kuonesa kune vamwe,
Kuti tinodana senyi.

1. MUSANDIPFUURA , Jesu, ndinochema ini,
Mukakomborera vamwe, musandipfuure.

2. Ndinotenda imwi, Jesu, mwakandinunudza,
Ndanga ndiri kufa, ini, muzvitema zvangu.

3. Ngandipiwe mwoyo m'chena wekumufarisa,
Ndinomukumbira, Tenzi, ngandikomborerwe.

4. Ngerunako rwenyu, Jesu, ndomutsvaka zvino,
Mwoyo wangu ngaurapwe, ndoda kuponeswa.

5. Ropa renyu ngarikudzwe, rindishambe nhasi,
Muri mununuri imwi, mwakandinunura.

6. Muri tsime yeupenyu nerufaro rwese,
Ngandiinwe iyi tsime, ndine nyota huru.

7. Imwi munonyararidza mwoyo wangu uyu,
Pasi pano nokudenga, muri Tenzi wangu.

1. MWARI muri Samasimba,
Mwakasika vanhu vese,
Munoziva zviro zvese,
Munoona nzvimbo dzese
Munotonga pasi pese,
Munogadza vadzimambo,
Ndzvo ndinomuwombera,
Ndinomutya nguva dzese.

2. Mune dendemaro renyu,
Rinogara nokugara,
Vanhu vanopera kufa
Asi imwi hamuzofi;
Munogara nguva dzese,
Hamu sakasikwa imwi
Hamuchazoperi imwi,
Ndizvo ndinomuremedza.

3. Baba, tinoziva kuti
Zviro zvese zviri zvenyu,
Tiri vachengeti vazvo,
Zviro zvese zvatinazvo;
Munotipa ngekukohwa,
Tinopiwa zvipfumbamwe
Basa renyu zhinji pano
Rinoita ngechegumi.

4. Tisanyime zviro zvake,
Tinokomborerwa ndiye,
Hakuchina Tenzi pasi
Wakanaka kunga iye;
Ndizvo ngatimuremedze,
Ngatiunze zviro zvake,
Tidzokese zviro zvake
Kufadzisa basa rake.

1. BABA , tinounza zvipo
Zvekufadza basa renyu,
Tinounza ngakufara,
Takakomborerwa ndimwi;
Tipei mwoyo yechisepe
Kune vese varasiki,
Kuti mune vane nzara
Munavapa zvipo zvedu.

2. Asi tinotenda imwi,
Tinomuimbira nasi,
Hatimbokanganwi vamwe
Vanogara mune dima;
Torai zvipo zvedu, Baba,
Tinomupa ngekufara,
Tumai vafundisi nazvo,
Ngavadzidze nzira dzenyu.

3. Zvipo zvedu zvenyamusi,
Ngazviende kuvarombo,
Ngazvitore rudo rwedu
Kune avo vari kure;
Havazivi Jesu Kristu,
Havazivi ruponeso,
Baba, tumai izvi zvipo
Kune avo vanoshaya.

1. HAMA dzangu dzevatendi, tisanete isu,
Ngatishinge zvirokwazvo, tisakundwe, kwete.

Korus:
Tiri vanhu vake, diko, tisanete, isu,
Tinomira tisimbiswe, tisanete, kwete.

1. Hama dzangu dzinoedzwa, musatende shai,
Baba anomupa simba rekukunda shai.

2. Hama dzangu, ngatirinde, Tichengete, isu,
Titeure kuna Baba, ndiye Mwari kwaye.

3. Hama dzangu dzakanaka, dzemunyika idzi,
Ngatitende kuna Kristu, tisatadze, kwete.

4. Hama dzangu, tine nzira, tisashore, kwete,
Ngatifambe zvakanaka, kune denga dzvene.

1. NGATIITE zvakanaka
Kune avo Vanochema,
Ngatiite zvakanaka
Kune vanotambudzika;
Kuti tizokomborerwa
Parwendo rwedu pano,
Ngaticherechedze avo
Vane mwoyo yeurombo.

Korus:
Nguva yedu ipfupi kwazvo,
Nguva yedu ipfupi kwazvo,
Hatizivi musi uyo
Mwari anotidaidza.

2. Ngatitaurire avo
Vanoshaya Muponesi,
Vakarasa nzira dzavo,
Va’akufamba kune rufo,
Kuti tizofara kwazvo
Ngeupenyu hworutendo,
Ngatishinge kutaura
Kuti tinopona senyi.

3. Vese avo vari sure
Vanoona nzira dzedu,
Vadikanwi vari sure
Vanofunga nzira dzedu;
Ngatifambe zvakanaka
Pane nzira muupenyu,
Mwoyo izokura kwazvo
Nerutendo kuna Jesu.

1. FAMBANYIWO , majoni,
AMwari wedu imwi,
Musatye mhandu dzenyu,
Hadzina simba, kwete;
Tinozokunda kwazvo
Panyika kwese kwese,
Masimba ake, Jesu,
Haachazokundwiba.

2. Fambanyiwo vatendi
VaMwari wedu imwi,
Hamuna simba mwega,
Musazvikudze zvenyu;
Mupfeke nhumbi dzese
DzaMwari wakanaka,
Muende kune basa,
Muite vanhu imwi.

3. Fambanyiwo vatsvene,
Munyika dzese dzese,
Mushumaire izwi
RaJesu Tenzi wedu;
Mukundi uchapiwa
Chiremba cheupenyu,
Anozoona Jesu,
Atonge naye iyo.

1. NGATIENDE , vadikani,
Kune munda wake Tenzi,
Unodiwa vekurima,
NdiSamunda wadidza

Korus:
Kasikai kuendayo,
Kune zunde rake Mambo;
Endai iyo, endai iyo,
Kune zunde rake Mambo.

2. Jesu wati kuna Pita,
“Chitevera sure kwangu,
Unozovabvuwa vanhu,”
Kubva mune dima guru.

3. Jesu Tenzi watiudza,
“Endai kune pasi pese,
Muchiparidzira izwi
Kune ndudzi dzese dzese.”

4. Zvino rava jana redu
Rekutora iri soko
Kuna ivo vari kure,
Vasikamuzivi Tenzi.

5. Jesu wati “Kumbiranyi
Vapupuri kuna Ishe,
Zvokwasvika kupupura
Vashomana vapupuri.”

1. KWESE kwese tinoona
Vanhu havazivi Kristu,
Vakarasikirwa, diko,
Vanotadza Muponesi.

Korus:
Mwari wedu, wemasimba,
Tizwei tinomukumbira,
Tumai vafundisi kuno,
Kune nyika dima.

2. Vatumenyi mangwanani,
Vatumenyi pamauro,
Vatumenyi masikati,
Kune misha yavo yese.

3. Asi isu, Baba wedu,
Tine basa rekuita,
Tine hama neshamwari,
Titumenyi kuna ivo.

1. MUZUNDE renyu, Baba,
Mune basa rekuita,
Vanhu havazivi imwi,
Vanogara mune dima,
Havazivi nzira tsvene,
Havazivi Jesu Kristu,
Murumbwana wenyu chete,
Havazivi rudo rwenyu.

Korus:
Ndiri pano, Tenzi nditumenyi
Kune avo vanoshaya.

2. Ndiri pano nditumenyi
Kune avo vanoshaya,
Mudikani, Tenzi wangu,
Soko renyu ndingatora,
Kana vanhu vandivenga,
Sezvo imwi mwakavengwa,
Kuti muchinditumaʼyo
Ndingafara kushandira.

3. Taurai, Tenzi, soko renyu,
Taurai, Tenzi, ndiri kuzwa,
Kuda kwenyu ngakuitwe
Sezvo munondiudzira,
Ndiudzirei mazwi enyu
Kuti ndipe kune vanhu,
Ndiudzirei mazwi enyu,
Enyu basi, Tenzi wangu.

4. Kuti muchienda neni,
Kuti muchindisimbisa,
Handizotyi madambudzo.
Kana basa richikonja;
Mwakatsidza kuva neni
Kuti ndichagara nemwi;
Munamato wangu ndiwo,
“Ndiri pano nditumenyi.”

1. KUEDZA kwazosvika,
Kwadzinga dima rese,
Vamuka vanhu vese
Kudzidza Jesu Kristu;
Masoko akanaka
Ouya misi yese,
Ekuti vadzimambo
Vanoda vafundisi.

2. Onanyi vanhu vcdu
Vakuteura zvino,
Nevamwe vari kure
Vakuwombere, Jesu;
Vapwere vaakuimba
Zviimbo zvakanaka,
Vava kuita basa
RaMwari Baba wedu.

3. Onanyi va’avazhinji
Vanoda kudzidziswa,
Kufamba mune nzira
Yevanhu vakanaka;
Majaha nemhandara
Vanoda ruponeso,
VaBaba nevamai
Vanoda nzira itsva.

4. Rwasvika ruponeso
RwaMwari nyika dzese,
Rwofadza kure-kure
Kundudzi dzese dzese;
Tapota imwi, Baba,
Pamsana pake Jesu,
Kuvaponesa avo
Vagere mune dima.

1. ZANO chiro chakanaka,
Tese tinorida kwazvo,
Zano haritengwi, kwete,
Riri chipo chaJehovha.

2. Izwi rake rine zano
Kusimudza vanhu vese,
Riri simba remarudzi,
Riri idi remakore.

3. Nge’ro zano tine simba
Rekuita zvakanaka,
Asi rinouya basi
Kune avo vanomuda.

4. Soromoni wakarida,
Akarikumbira Mwari,
Ndizvo Mwari wakamupa
Zano, pfuma, nerukudzo.

5. Apo tinoshaya zano
Ngatiuye kuna iye
Uyo ane rakakwana,
Kupa kune vanhu vese.

1. MWARI wakaudza, izvo unokusha
Ngezve unocheka, ngezve unopiwa,
Ndizvo tisaite zviro tisafunga,
Zvotichazvicheka izvo Tinoita.

Korus:
Izvo unokusha, ndizvo unocheka,
Izvo unokusha, ndizvo unocheka,
Ndizvo ngatikushe mbeu dzakanaka
Kuti tizogara mumba dzokudenga.

2. Izvo unoona, unokusha mbeu,
Kuti zvakanana, ngezve unocheka
Izvo zveunozwa, unokusha mbeu,
Kuti zvakashata, ngezve unocheka.

3. Izvo unorerwa, unokusha mbeu,
Kuti zvakanaka, ngezve unocheka,
Izvo unoita, unokusha mbeu,
Kuti zvakashata, ngezve unocheka.

4. Izvo unoshanda, unokusha mbeu,
Kuti zvakanaka, ngezve unocheka.
Izvo unoshanda, unokusha mbeu,
Kuti zvakashata, ngezve unocheka.

1. KWANGA kune m’kadzi kare
Zita rake Dorka,
Wakanga akanaka diko,
Vese vakamuda.

2. Nemabhachi wakaruka
Zvipo zvevarombo
Wakadisa vanhu vese,
Vese vakaziva.

3. Kuvarombo nevarwere
Dorka waienda,
Wakateurira ivo,
Akavapa zvipo.

4. Kuti tine Mweya M’tswene,
Tinodisa vese,
Tinofara kubatsira
Vese vanoshaya.

1. VANHU vese vakanaka vanotaura diko,
Usanyepe, kwete, kwete, taura zvirokwazvo.

Korus:
Taurai z vediko, taurai zvediko,
Idi rakanaka.

2. Mwari anodisa kwazvo vanotaura diko

Anoziva vana vake vanodiswa idi.

3. Anania na Safira vakanyepa kare,
Vakazofa pakarepo nekunyepa kwavo.

4. Ngatitaure zvirokwazvo, tisanyepe, kwete,
Ngatiite vanhu kwavo kutaura idi.

1. NDOFAMBA kune umwe musha,
Kudenga iyo
Kumusha waM'ponesi wedu,
Kumsoro kuna Baba.

Korus:
Ngatiende hama dzangu,
Kune denga iyo,
Tofara naM'ponesi wedu,
Tive vatsvene tose.

2. Ndaneta ngekutadza, hama,
Ndinoda Mwari,
Nemwoyo wangu unosuva,
Ngenzvimbo yangu iyo.

3. Ndiperekedzei pane nzira
Kudenga uyo
Ndichazogarayo narini,
Hama uyanyi mwese.

4. NdiJesu wakaenda kare
KwaBaba wake,
Kondiwakira imba yangu,
Yakanakisisa kwazvo.

5. Handityi rufo rwangu, hama,
Ndinozomuka,
Ndinozoona mambo wangu,
Ndiye mukuru iyo.

1. APO toropito yake Mwari inorira kwazvo,
Inotaura kune vese kuti “Uyai”
Tese tinobvira kuenda iyo hakusari munhu,
Nemazita edu achazodaidzwa.

Korus:
Kuti ndodaidzwa ndiye,
Kuti ndodaidzwa ndiye,
Kuti ndodaidzwa ndiye,
Kuti ndodaidzwa ndiye, ndova’yo

2. Asi hatizivi musi uyo tichadanwa ndiwo,
Ndizvo ngatigadzirire zvino pano,
Tirindire uyo musi tizonatsa kuenda iyo,
Nemazita edu achazodaidzwa.

3. Ngatibate basa redu nemasimba misi yese,
Ngatitaure zvishamiso zvake zvese,
Tichiita zvakanaka kune vanhu vese vese,
Nemazita edu achazodaidzwa.

3. Asi isu wemaKristru hatizotyi kuenda iyo,
Mwari ndiye Baba wedu wakanaka,
Jesu Kristu ndishamwari, ndiye anotonga vese,
Nemazita edu achazodaidzwa.

1. PASI pano tinochema,
Tinorwadzwa ndiSatani,
Tinoenda zvirokwazvo;
Tichitambudzika kwazvo;
Asi tinoziva kuti,
Pano handi musha wedu,
Tichaenda kune nyika
Kuna Baba wakanaka.

Korus:
Pano handi musha wedu,
Tinoziva imwe nyika,
Tinoenda ngekufara
Iyo tiri kudaidzwa.

2. Takaiswa pasi pano
NdiMusiki wedu Mwari,
Kuti tizogadzirira
Nge’yo nzvimbo yakanaka,
Iyo Jesu akaenda
Kofanira kugadzirira,
Akatisiyira izwi,
“Ndichadzoka komutora.”

3. Kuti tichishaya kudya
Nemabvaro akanaka,
Kuti hama dzativenga,
Dzatituka zvirokwazvo,
Tine hama yakanaka,
Inopinda hama dzese
Inogara pakudenga,
Kufadzira nzvimbo yedu.

1. TOENDA kune musha wedu,
Hatichazotadzi,
Kuchema kwedu kuchapera,
Tozosvika denga.

Korus:
Toenda'yo toenda kune denga,
Toenda'yo toenda kuna Baba,

2. Ngirosi dzinomira iyo,
Dzinoona vese.
Nemwoyo yedu inodisa
Nzvimbo iyo tsvene.

3. Mashai takasiya ese
Na'dzo nzira dzawo,
Kutevera Muponesi
Kune musha wake.

4. Uyanyi, vashamwari imwi
Kune musha wedu,
Tosvika zvirokwazvo iyo
Nyika yekudenga.

1. NDOFAMBA , ndofamba, ndosuva kudenga,
Kunyika yaTenzi, isina nenhamu.

2. Fambanyi vatendi, kunyika kureyo,
Inoda vasimbi kusvika’yo nyika.

2. Upfumi huriyo, hakuna murombo,
Hakuna neumwe, neumwe hakuna.

3. Madzinza ariyo kunyika yaTenzi
Havachazochemi, havana rusuvo.

4. Vatsvene variyo, vafara zvikuru,
Vaona’yo Nyenye, Mufiri wevese.

1. KUNE nzwimbo yakanaka
Kuchaenda vanotenda,
Havachazoparadzani kuti vaayo;
Tinogadzirira zvino
Kuenda iyo kwakanaka,
Tinogara nokugara, tisongane.

Korus:
Tisongane, tisongane,
Kune muti woupenyu tisongane,
Apo tinotama pasi diko tinoenda iyo,
Hatichapetuki, hama, tisongane.

2. Pasi pano handi pedu,
Handi musha wedu,
Kune musha wedu uri kumusoro;
Kwekufara nekufara,
Hakuchina dima iyo,
Ngativambe kuenda iyo, tisongane.

3. Uko tinoziva zviro
Zvotisikazivi pano,
Tinokura mukuziva nekufara,
Tinofambirana iyo,
Tinofarirana iyo,
Ngatiende, iyo, hama, tisongane.

1. KUDENGA kwakanaka kupinda pasi pano.
M'ponesi wedu Anogara iyo,
Ari kutidaidzira kuti tizogadzirira
Nge'yo nzvimbo yedu yakanaka kwazvo

Korus:
Tinozoona M'ponesi, tizomuchingamidza
Tizogara naye nekusingaperi.
Tizoona M'ponesi, tizomuchingamidza
Tizotonga naye nekusingaperi.

2. Kum'soro kwakanaka, hakuna chapaipa,
Ruriyo rwizi rweupenyu iyo,
Jesu Kristu, Mambo weyo, ane dendemaro rake,
Asi vanhu vese vanomuwombera.

3. Rugwaro rwake Mwari, runotitaurira,
Runakisiso rweyo rwakakomba,
Runopinda zviro zvese, runopinda kutondera,
Rwakagadzirirwa vanhu vakanaka.

4. Makwanza ayo ese aitwa ngendarama,
Misivo yese yakanakisisa,
Ukuri ngehwemahwe akanaka, anokosha,
Zviro zvese zvinopenya nekubaka.

5. Zvizhinji zvakanaka zvagadzirirwa avo
Vagara zvakanaka pasi pano.
Mwari anotida kwazvo, tinokomborerwa ndiye.
Ndizvo ngatigadzirire kuenda'yo.

1. KUNE nyika kudenga raTenzi,
Ngerutendo tichazoiona,
Kune Musha kudenga raMwari,
Ngerutendo tichandougara.

Korus:
Kwakanaka ikoyo,
Kune musha waBaba kumusoro,
Kwakanaka ikoko,
Kune musha waBaba, kum’soro.

2. Apo tinozofara neveyo,
Tichaimba zviimbo naivo,
Hatichazochemeri vanofa,
Asi tinofarira zvikuru.

3. Tichazvipa zvitendo nembiri
Kuna Baba naJesu kudenga,
Toona nehama dziriyo,
Uko kune upenyu narini.

4. Baba, tine urombo nyamusi
Ngeumweni wabviswa kunesu,
Nesu toda kuuya kunemwi,
Kwakanaka kudenga kunemwi.

1. UKAMA hweuKristu,
Chisungo chakanaka.
Ngekuti tinodana kwazvo,
Takasungwa pamwe

2. Pamwepo toteura,
Pamwepo Tinochema,
Pamwepo tinobatsirana,
Tichifarisana.

3. Tosuva zvikurutu
Ngekupandana kwedu,
Ngenyasha tichazoonana,
Ngeumweni musi.

1. BIBLE Dzvene ngeraMwari, Bhuku renyu,
Rakanyorwa kuva renyu, Ndinorida kwazvo.

2. Rangu kundikomborera ndikariverenga,
Rangu kundivhenekera paupenyu kutsva.

3. Rangu kundinyararidza kuti ndichichema,
Rangu kundishingisisa pakutambudzika.

4. Rangu kunditaurira nzira yekudenga,
Rangu kunditungamira kune denga dzvene.

5. Bible Dzvene, tsamba yanyu, rakapiwa ini,
Ndinoriverenga nhasi nemazuva ese.

1. TENZI , takavaka umba yenyu,
Nzvimbo umwo tinomuwombera,
Takafara kuvakira imwi;
Komborerai, Tenzi, basa redu.

2. Isu tese takabatsirana
Kuivaka, vamwe ngematope,
Mari, uswa, miti, mvura, mabwe.
Komborerai, Tenzi, basa redu.

3. Ngarikudzwe zita renyu muno,
Ngatidzidze nzira dzenyu, Baba,
Kuti tichiite kuda kwenyu;
Komborerai, Tenzi, basa redu.

4. Tamuteta, Mwari wekudenga,
Vana vedu ngavadzidze muno,
Rudo, nduramiso runyararo;
Komborerai, Tenzi, basa redu.

5. Nhasi tinopira iyi imba
Kushandira basa renyu pano,
Nemakore achauya, Baba;
Komborerai, Tenzi basa renyu.

1. KARE Mwari wakasika
M'rume nomukadzi wake,
Vese vanga vakanaka
Apo vakasikwa ndiye;
Mwari anokohomedza
Kuti vanhu vatinhidzwa,
Ngavasiye baba, mai,
Vatorane nekudana

2. Iri jaha nemhandara
Vanouya kutinhidzwa,
Kuva m'rume nomukadzi
Ngemutemo wenyu, Baba;
Ndizvo tinomukumbira,
Vaitenyi nyama imwe,
Ngavapiwe mwoyo umwe
Kuti vazobatsirana.

3. Vabatsirenyi mumba mwoyo,
Muupenyu hwavo hutsva;
Vhenekerai mwoyo yavo
Nekuvatungamirira;
Ngavapiwe simba zvino
Vaifambe nzira yenyu
Misi yese yeupenyu,
Mwari, Baba, Mubatsiri.

1. TIRI pano pamwe tese.
Tachengetwa gore rino,
Ngatikudze Mwari wedu
NaM'ponesi weduuzve

2. Gore rakapfuura,
Takaona madambudzo,
Asi takapiwa simba,
Hatisakakundwaba

3. Ndiye Mwari wakanaka,
Wakatiponesa tese,,
Tinondongwarirwa ndiye,,
Takasviswa ndiye 'She

4. Ndizvo ngatitaurirane,
Nyasha dzake dzinokwana,,
Idzo dzinotiponesa,
Kuti tisatadzezve.

5. Basa rake ngatibate,,
Tisaneta kuribata,,
Ngatitsidzirane nhasi,,
Tisasiya Mwariba.

6. Tese tinofarisana,
Kuonana usu hwedu,,
Tiri pamwe tese zvino,
Nevakuru veduzve.

7. Vamwe vedu vakatorwa,,
Basa ravo rakapera,,
Zvino vanoona Mwari,
Vanoona Jesuzve.

1. JESU unondida, Bible rinodaro,
Vana vanomuda, Jesu unovada.

Korus:
Vanhu vake vatsvene, vasine zvitema,
Vanoenda kudenga kugara naJesu.

2. Jesu Unondida, wakasiya denga
Akadzika pasi, kuponesa ini.

3. Jesu wakandida, wakazarurira
Nzira yekudenga, kuti ndizopinde.

4. Jesu Unondida, unofamba neni.
Kuti ndikamuda unozonditora.

1. APO Jesu anouya kotora varume,
Anotora vakanaka, avo vanomuda.

Korus:
Vanhu vake vatsvene, vasine zvitema
Vanotenda kudenga kugara naJesu.

2. Apo Jesu anouya kotora vakadzi,
Anotora vakanaka, avo vanomuda.

3. Apo Jesu anouya kotora vacheche,
Anotora vakanaka avo vanomuda.

4. Vana vake pasi pano, uyanyi kwaari,
Anomuda zvirokwazvo ngerudo rukuru.

5. Ngatiedze misi yese kufadza M'ponesi,
Kuti tizotorwa ndiye kudenga kumsoro.

1. HATINA musha panyika,
Hatifari kuva pano,
Zvinofadza mweya yedu
Kutsvaka musha unouya.

2. Hatinamusha panyika,
Tinoda musha uri kure,
Zita rawo iZioni
Unopenya nguva dzese.

3. Musha une runyararo
Vafambi vachazorora,
Dai ndine mapapiro,
Ndaiuya ndizorore.

4. Mweya wangu Chinyarara
Mwari Anoziva nguva,
Ndichaita kuda kwake,
Iye wondipa zororo.

1. Chinjikano ndirero
Tsime rweupenyu;
Rinopodza vose
She vanouya kwenyu.

Korus:
Ipapo, Ipapo, Jesu ndichakudza;
Kusvikira ikweyo ndichimurumbiza.

2. Chinjikano, ipapo
Ndanga ndichihuta;
Bva nenyasha ndipapo
Pandakazofara.

3. Maratidza ipapo
Tsitsi dzenyu huru;
Zvino mundibetserei
Kuifunga kwazvo!

4. Ndorambira ipapo,
Ndichitenda kwoga;
Pamwe handizivi'po.
Asi apo poga.

1. Ndinosimuda SHE,
Kundibetsera,
Nzwi renyu ndigonzwa
Kundinyaradza.

Korus:
Ndotsvaka imi moga,
Mwoyo wangu womushuva
Nditaririre Jesu,
Ndinyaradzei!

2. Ndinosimuda, SHE!
Sarai neni;
Ndingazokunda vo
Muri pandiri!

3. Ndinosimuda, SHE!
Pandinofara;
Pandotambura vo,
Musandisiya!

4. Ndinosimuda, SHE!
Ndinatswe chose;
Ndimushumire vo
Nomwoyo wose!

1. Tarirai kune nyika uko!
Nokutenda tovona iyo
Bambo vedu vanogarapo,
Vachingogadzirira isu

Korus:
Tichando farawo,
Musi watichazosvika ko
Tichando, tichando farawo,
Musi watichazosvikako.

2. Tichazondoimbira apo;
Nziyo dzavadikanwa vashe;
Mweya yedu ichafara vo,
Ichingozorodziwa naye.

3. Tichandovunganira apo,
Tichandokudza zita raShe;
Nyasha yake tichavonga vo,
Tazopiwa zororo naye.

1. Mambo Jesu watidaidza
Kuchidyo chake chokudenga
Tomira sei pakutongwa
Mambo apinda.

Korus
Apo Mambo apinda, kuzotitonga
Tinomira sei apo, Mambo apinda.

2. Mambo Jesu ane chiremba
Pakange pazoiswa minzwa
Nembiri yake tichaona
Mambo apinda.

3. Zvakaipa zvichaonekwa
Kuti tamira pakutongwa
Zvemumoyo zvichaonekwa
Mambo apinda.

4. Achafara pakutiona, kuti tapfeka
Nguwo Chena
Ndizvo kunesu kunonaka
Mambo apinda.

5. Tenzi tinokuimbira mutsa
Kuti tose tigozomira
Munzvimbo dzedu nokusatya
Mambo apinda.

1. Dyara Mangwanani, mbeu dzakanana
Dyara masikati namadekwana
Vakushi vashoma, pabasa raMwari
Tinodanwa tose, pabasa raIshe.

Korus:
Huyai navo huyai navo
Vanhu varasiki, tivadzosere
Huyai navo, huyai navo
Vanhu varasiki tivadzosere.

2. Mbeu tinodyara, ndiro shoko raShe
Rinotidzidzisa nzira dzedenga
Rinotiradzawo Jesu somuponisi
Vatadzi vese vari murima.

3. Tiende tidyare, tirege kuzeza
Zuva rinouya tichazorora
Tichapiwa tose mubairo yedu
Tichafara tose nokufarawo.

4. Varipo vazhinji vanofamba zvavo
Havana kuudzwa zvomuponisi
Isu Vanyai vashe, takapiwa basa
Kudzosera vese vari murima.